O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MEMLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

**Tariyx-geografiya fakul`teti**

Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası

5110500 - Geografiya oqıtıw metodikası bakalavr ta`lim bag`darının` 4-a kurs talabası Allaniyazova Zulayxanın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**Tema:** Shomanay rayonının` ta`biyiy-ekonomikalıq resurslarına geografiyalıq sıpatlama ha`m onın` xalıq xojalıg`ındag`ı a`hmiyeti

Talaba: Z.Allaniyazova

İlimiy basshı: u`lken oqıtıwshı. M. Radjapov

Kafedra baslıg`ı: g-m.i.k., dots. K.Djaksımuratov

**Kafedra ma`jilisinin` 2019-jıl 31-may sa`nesindegi №10 protokolı menen qorg`awg`a ruxsat berildi**

NO`KİS - 2019

MAZMUNI

Kirisiw. .. . . . . . . . . . . . ……………………………………………………...3

**I BAP. Shomanay rayonının` geografiyalıq jaylasqan ornı ta`biyiy sharayatı ha`m ta`biyiy resursları.**…………………………………………..…5

1.1. Geografiyalıq jaylasqan ornı ha`m jer beti du`zilisi……………………..5

1.2 Topırag`ı, o`simligi ha`m haywanat du`n`yası…………………….…11

1.3. Shomanay rayonının` ta`biyiy resursları xa`m olarg`a ekonomikalıq-geografiyalıq sıpatlama……………………………………………..…………14

1.4. Klimatı ha`m agroklimatlıq resursları…………………………..…...16

**II BAP. Shomanay rayonının` jer-suw resurslarına geografiyalıq sıpatlama ha`m onnan paydalanıwdın` ha`zirgi jag`dayı ha`m onı rawajlandırıwdın` bag`darları**…………………………………………………29

2.1. Shomanay rayonının` ta`biyiy ekonomikaliq resurslari ha`m onnan paydalaniwdin` ha`zirgi jag`dayi……………………………..………………..29

2.2. Suw resursları ha`m irrigatsiya tarmaqları, oni rawajlandiriwdin` bag`darlari………………………………….…………………………..…34

Juwmaqlaw…………………………………………………………… 41

O`mir qa`wipsizligi…………………………………………………….45

Paydalang`an a'debiyatlar………………………….……………………….. 51

# KİRİSİW

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 2017-jıl 7-fevraldag`ı «O`zbekstan Respublikasın ja`nede rawajlandırıw boyınsha ha`reketler strategiyası» haqqındag`ı pa`rmanında atap o`tilgenindey, «Alıp barılıp atırg`an reformalardın` na`tiyjeliligin ja`ne de arttırıw, ma`mleket ha`m ja`miyettin` ha`r ta`repleme jedel rawajlanıwı ushın sharayatlar jaratıw, elimizdi modernizatsiyalaw ha`m turmıstın` barlıq salaların liberallastırıw boyınsha tiykarg`ı bag`darlar a`melge asırıladı.. », «A`yne waqıtta elimizdin` basıp o`tken rawajlanıw jolının` teren` talqılanıwı, bu`gingi ku`nde bazarı kon`yunkturası keskin o`zgerip, globallasıw sharayatında ba`seke barg`an sayın ku`sheyip atırg`anı ma`mlektimizdi bunnan bılay da turaqlı ha`m jedel pa`tler menen rawajlandırıw ushın ulıwma jan`asha qatnaslardı ja`ne printsiplerdi islep shıg`arıwdı talap etpekte»[1].

**Pitkeriw qa’negelik jumisinin’ aktuallig’i.** İlimiy texnikalıq protsestin` xa`zirgi rawajlanıw basqıshında Qaraqalpaqstan Respublikası sonın` ishinde Shomanay rayonında o`ndiriwshi ku`shlerdi bunnan bılayda rauajlandırıw bas uazıypa bolıp tabıladı. Bizin` respublikamız ko`p jıllar dauamında Oraylıq Aziya xa`m Rossiyanın` sanaatı rauajlang`an rayonları menen tuwrı jol qatnasıqları rauajlabag`anlıqtan ekonomikalıq xa`m sotsiallıq tarawlarda u`lken irkinishlerge ushıradı. Usının` menen birge ta`biyiy xa`m materiallıq resurslardı paydalanıu boyınsha ilimge tiykarlang`an jobalardın` bolmawı xalıq xojalıg`ı tarawların rawajlandırıwda u`lken qıyınshılıqlar keltirip shıg`aradı. Bul a`sirese sanaat tarawlarında bayqalmaqta.

XX-a`sirdin` son`g`ı on jıllıkları dawamında Respublikamız aymag`ında sonın, ishinde Shomanay rayonı aymag`ındag`ı ta`biyat kompleksinde u`lken krizisler mashqalalar ju`z berdi. Keyingi jıllarda Oraylıq Aziya Respublikalarının` A`miwda`r`ya suwınan awıl-xojalıq maqsetlerinde paydalanıwı keskin da`rejede o`sti. Da`r`yanın` to`mengi bolim lerinde suw jetispewshilik mashqalası ku`sheyip, unamsız aqıbetlerge sebep boldı.

[1] Ўзбекистон Республикаси Президентининг фармони, «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегияси» тўғрисида (Маърифат газетаси №11 (8972) сони 2017 йил 8-февраль).

Aral ten`izinin` qurıg`an ultanınan ko`terilgen za`herli duzlardın` egislik maydanlarg`a ha`m o`simlik qatlamı jaylag`an topıraqqa koplep tu`siwı, bunday jag`daylar rayonnın`, suwg`arılatu`g`ın jer maydanlarının`, sonın` menen birge rayon ekonomikasının` tiykarın quraytu`g`ın awıl- xojalıg`ının` rawajlanıwına u`lken zıyanlar keltirdi.

Sol sebepten ju`z bergen mashqalalardı teren` u`yreniw ha`m analiz etiw ha`zirgi ku`nnin` baslı ma`selelerine aylandı.

Bazar qatnasıqlar tiykarında rawajlanıw jolına otip atırg`an bir waqıtta rayonda jer-suw resurslarınan paydalanıwdın, ha`zirgi jag`dayı ha`m ju`z berip atırg`an ozgerislerdi analiz etiw u`lken a`hmiyetke iye.

**Bakalavr jumısının tiykarg`ı maqsesti** Qaraqalpaqstan Respublikası Shomanay rayonının` ta`biyiy ekonomikalıq resurslarına geografiyalıq jaqtan baha beriw ha`m olardan u`nemli paydalanıw ma`selelerine qaratılg`an.

Joqarıdag`ı qoyılg`an maqsetten kelip shıqqan halda bakalavr jumısına to`mendegi **wazıypalar** qoyıldı.

-Rayonnın` ta`biyiy sharayatı, klimatı ha`m agroklimatlıq resursların analiz etiw.

-Jer resurslarınan paydalanıw ha`m suwg`arılatug`ın jer maydanlarının` osimin anıqlaw.

-Rayonda suw resurslarınan paydalanıw da`rejesin u`yreniw.

-Rayonnın` irrigatsiya tarmaqlarının, jaylasıwı ha`m olardın, paydalı is koeffitsentin analiz etiw.

-Ko`p jıllıq mag`lıwmatlar tiykarında suwg`arıwg`a alıng`an suw mug`darının o`zgeriwı, jerlerdin` meliorativlik ha`m shorlanıw da`rejesinin` o`zgerislerin u`yreniw.

**Jumisinin' teoriyaliq ha'm a'meliy ahmiyeti.** Bakalavr jumısın jazıwdın, barısında Qaraqalpaqstan Respublikası awıl ha`m suw xojalıg`ı ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması, To`mengi A`miwda`r`ya basseyni irrigatsiya sistemaları basqarması mag`lıwmatlarınan paydalınıldı. Bunnan basqa ta`biyiy geografiyalıq jag`daylarına baylanıslı a`debiyatlardan ha`m Shomanay rayonı awıl ha`m suw xojalıg`ı basqarmasının, jıllıq esabatlarınan paydalanıldı.

# I BAP. SHOMANAY RAYONININ` GEOGRAFIYALIQ JAYLASQAN ORNI, TA`BIYIY SHARAYATI HA`M TA`BIYIY RESURSLARI

## 1.1 Geografiyalıq jaylasqan ornı ha`m jer beti du`zilisi.

Shomanay rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasının` qubla-batıs ta`repinde, A`miwda`r`ya del`tasının` shep jag`asında jaylasqan oraylıq ekonomikalıq zonag`a kiriwshi rayonlar qatarına kiredi. (No`kis, Xojeli).

Rayon Respublikamız paytaxtı No`kis qalasınan 90 km uzaqlıqta jaylasqan. Ulıwma jer maydanı 63565 $km^2$, respublikamızdın` 0,38 % jer maydanın iyeleydi, Shomanay rayonı qublasında Turkmenstan Respublikası menen, shıg`ısta Xojeli, Qanlıko`l rayonları menen, batısta U`stirt platosı menen, arqada Qon`ırat rayonı menen shegaralasadı.

Rayon orayı - Shomanay poselkası. Rayon 1950 jılı 6 oktyabr`de O`zbekistan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Ken`esinin` pa`rmanları menen paxtashılıq ha`m mal sharwashılıg`ına qa`niygelestirilgen rayon bolıp du`zildi, 2010 jılı respublikamız xalqı Shomanay rayonının` 60 jıllıq yubileyin belgiledi.

Rayonnın`, geografiyalıq jaylasqan ornı qolaysızraq bolıp, ol A`miwda`r`yanın` shep jag`asında jaylasqan. Rayon tu`slikte Tashawız, Xorezm walayatına, arqag`a Qonırat hom Moynaq rayonlarına alıp baratug`ın magistral avtomobil` jollarınan biraz shette jaylasqan. Sonday-aq rayon A`miwda`r`yanın on` ta`repinde jaylasqan ekonomikalıq jaqtan ku`shli rawajlang`an adminstrativlik rayonlarınanda uzaqta jaylasıp olar menen transport ekonomikalıq baylanıslar Taxiatas plotinası arqalı alıp barıladı. Respublikamızdın` basqa rayonları menen sonday-aq qon`sı Respublikalar menen ekonomikalıq baylanısta u`lken a`hmiyetke iye esaplang`an temir jol transport magistralı da rayonnın` shıg`ısında 24 km qashıqlıqta Qanlıko`l, Qon`ırat rayonları territoriyası arqalı o`tedi.

O`tken a`sirdin` 60-jıllarınan keyin Xojeli, Qonırat ha`m 80-jıllarda Qon`ırat-Beynew, yamasa Orta Aziya temir jolının` qurılıwı rayonnın` geografiyalıq jag`dayın jaqsılap onda o`ndirilgen o`nimlerdi Qarabaylı temir jol stantsiyası arqalı kerekli territoriyalarına sırtqa shıg`arıw ha`m basqa rayonlardan Shomanay rayonı

ushın arnawlı ju`klerdi alıp keliniwine qolaylı sharayat tuwdıradı.

Shomanay rayonı jer beti tiykarınan tegisliklerden ibarat. Goemorfologiyalıq koz-qarastan bizin` regionımız A`miwdar`yanın` ha`zirgi zaman del`tasında jaylasqan. Al geologiyalıq ko`z-qarastan bul territoriya Turan oypatlıg`ının, ajıralmas bo`legi. Rayon territoriyasında bir neshe genetik tiplerdi ajıratıwg`a boladı.

Por ha`m u`shlemshi da`wir jatqızıqlıqlarınan dүzilgen qatlamlı denudatsiyalang`an platolar. Bul rel`ef tipinin` Shomanay rayonı menen shegeralas jaylasqan Qaraqalpaqstan U`stirtinde koremiz. Olardın` xarakterli belgisi fundamentin qurawshı paleozoy erası jatqızıg`ının` ju`da` teren`de jaylasıwı menen onın` u`stin jawıp jatırg`an tiykarg`ı taw jınısları por ha`m u`shlemshi da`wir ten`iz jatqızıqları. Del`tadag`ı allyuvial jatqızıqlar ha`m ko`llerdin` akkumlyatsiyası na`tiyjesinde payda bolg`an Shomanay rayonının` territoriyasında allyuvial jatqızıklarınan du`zilgen tegisler payda bolıwı boyınsha toplang`an A`miuda`r`yanın` Aral aldı del`tasına tuwra keledi. Aral aldı del`tasında a`sirese qumlı sazlı ha`m sazlı qumlı tegislikler ken` tarqalg`an. Olardın`, ko`pshiligi ha`zirgi waqıtta diyxanshılıq penen ba`nt.

Olardan basqa bunday tegisliklerge da`r`yanın` a`yyemgi ha`m ha`zirgi zaman tarmaqlarının` an`g`arları, qumlı to`beler ha`m barxanlar xarakterli. Bul qum massivlsri allyuvial jatqızıqlarının` ıdırap bir jerden ekinshi jerge samaldın` ta`siri na`tiyjesinde alıp barılıp jatqızılıwında payda bolg`an. Sonday-aq rayon territoriyasında A`miwda`r`yanın, geypara a`yemgi qurg`aq an`g`arları jaqsı saklang`an. Olardın` en` u`lkeni O`lida`r`ya. Ol Suwenli suwg`arıw kanalı menen Qaraqalpaqstan U`stirtinin` arasında derlik meridianal bag`ıtta Qon`ırat, Qanlıkol ha`m Shomanay rayonı aymag`ınan aqqan. Da`r`ya alabının, 1-1,5 km kenlikke iye bolg`anlıg`ı ha`zirgi waqıttada territoriyanın` rel`efinde jaqsı bilinedi. Onın` ko`pshilik jerinde ken`ligi 25-30 metrden 250 ge shekem da`r`yanın` an`g`arları jaqsı saklang`an. O`lida`r`ya an`g`arının` teren`ligi 2 den 3,5 metrge jetiwi ha`m janbawırlarının` a`dewir tik bolıp keliwi menen o`z aldına ajıralıp turadı. Ha`zirgi waqıtta onın` ultanı to`beshik yamasa qum dizbekleri formasındag`ı bos qum

jatqızıkları menen jabılg`an. Onın` an`g`arının` eki jag`alawında samaldın` jumısı na`tiyjesinde toplanıp qalg`an qum massivleri ushıraydı.

Shomanay rayonının` jer beti tiykarınan A`miwda`r`yanın` allyuvial jatqızıqlarınan du`zilgen bolıp tek ha`r jerde g`ana kishigirim pop ha`m u`shlemshi da`wir jatqızıqları qatlamı ushıraydı.

Qaraqalpaqstan du`n`yadag`ı en` ullı materik Evraziyanın` Oraylıq bo`liminde jaylasqanlıqtan, onın` klimatı qurg`aq kontinental keledi. Qaraqalpaqstan Respublikası sonın` ishinde Shomanay rayonının` territoriyası okeanlardan ju`da` uzaqta turadı.

Tu`sliktegi du`n`yadıg`ı en` biyik Gimalay, Pamir, Kopetdag` tawları, Hind okeanınan keletu`g`ın ten`iz hawa massasının` sostavındag`ı ıg`allıqtı irkip qaladı, sonlıqtan bul tropik hawa massaları Qaraqalpaqstang`a ha`m Shomanay rayonı diyxan fermer xojalıg`ı territoriyasına da tek qurg`aq tu`rinde g`ana keledi. Sonlıqtan olar bizin` territoriyamızda jawın-shashın payda ete almaydı. Arqa muz okeanınan ha`m Sibir`den keletu`g`ın suwıq qurg`aq hawa massası respublika territoriyasına keliwine mu`mkinshilik beredi. Olar Qaraqalpaqstan Respublikasının` territoriyası arqalı o`tip ha`tte Orta Aziyadag`ı basqa da Respublikalardın` tegislik bo`limlerine barıp jetedi. Bul ma`selede respublikamız territoriyası suwıq hawa massalarının` tu`sligine tu`slikke o`tiwdegi da`rwazası rolin atqaradı. Bul hawa massası, a`sirese qıs aylarında Shomanay territoriyasının` ha`dden tısqarı suwıp ketiwine sebepshi boladı. Arqa muz okeannı hawa massasının` sostavında suw puwlarının` az bolg`anlıg`ınan ol bul territoriyag`a jawın-shashın alıp kele almaydı. Sog`an baylanıslı respublikamız klimatının` qurg`aqlıg`ı, jawın-shashınlardın` og`ada az bolıwı ha`m jaz aylarında hawanın` ju`da` qurg`aq bolıp keliwi bayqaladı.

Shomanay territoriyasında hawanın` temperaturasının` tarqalıwı ma`wsimler boyınsha birgelikli emes, og`an baslı sebep, birinshiden jaz aylarında ku`nnin` ha`dden tıs ısıp ketiwı, territoriyanın` ortasha poyastın` en` tu`slik bo`liminde jaylasqanlıg`ı bolsa, ekinshiden, qısta jer betinin` ju`da` suwıp ketiwine Arqa muz okeanı ta`repinin` ashıq bolıwı ku`shli ta`sir etedi.

Temperaturanın` tarqalıwına respublikanın` arqadan tu`slikke qaray uzaqqa sozılıp jatırg`anı jer betinin` du`zilisi a`dewir ta`sir etedi.

Atmosfera tsirkulyatsiyasına Qaraqum ha`m Qızılqum sho`lleri ta`sir etip jazda hawa tempetaturası ha`tte +44$^0$+46$^0$ S qa shekem ko`teriledi. Bir jılda suwıq tolmaytug`ın ku`nlerdin` mug`darı 200 ge baradı. Ha`r bir sm kv jer betine jıl dawamında tu`setug`ın ulıwma radiatsiyanın` mug`darı 140-145 k/kal ga ten`. Qıs dekabr`den martqa shekem dawam etedi. Qıs qurg`aq, suwıq bolıp hawa temperaturası -30$^0$-35$^0$ S qa shekem to`menleydi. Ba`ha`r keshirek, gu`z erte baslanadı. Jıllıq jawın-shashınnın` ko`pshiligi ba`ha`r ha`m qıs aylarına tuwra keledi. Qaraqalpaqstan sonın` ishinde Shomanay rayonı Orta Aziyadag`ı jawın-shashın az bolatug`ın jer.

Qısta arqa batıstan Atlantika hawa massaları kirip, o`zi menen birge ıg`allıqtı alıp keledi.

Arqadan territoriyamızg`a suwıq polyarlıq Sibir` antitsiklonı ta`sir etedi. Bul hawa qurg`aq ha`m suwıq bolıp keledi. Sibir` hawalarının` keliwi temperaturanı -30$^0$-31$^0$ S qa shekem to`menletedi. Jazda Qaraqalpaqstan territoriyasının` u`stinde ashıq ku`nleri u`stemlik etedi.

En` suwıq ku`nler yanvar` ayına tuwrı kelip, bul ayda hawanın` ortasha temperaturası respublikanın` arqa rayonlarında, sonın` ishinde Shomanay rayonı territoriyasında -7,9$^0$ S al en` tu`slik bo`liminde -4,7$^0$ S qa ten`.

En` ıssı ay iyul` bolıp, ortasha temperatura arqa rayonlarında, sonın` ishinde izertlenip atırg`an rayon territoriyasında 19$^0$, 2 al tu`slik bo`liminde 23,4$^0$ qa jetedi.

Jaz aylarında jerdin` beti quyashtan kelgan jılılıq energiyanı tez qabıl etkenligi sebepli ku`ndiz ku`n ju`da` ısıp ketedi. Al tu`nde a`sirese qıs ku`nleri jer o`zinen jıllılıqtı tez shıg`arıp al tez suwıp ketedi. Solay etip, Qaraqalpaqstannın` Shomanay rayonında hawanın` sutkalıq, aylıq ha`m jıllıq temperaturalarının` amplitudası ko`p jıllıq izertlewlerdin` ko`rsetpelerinen 34$^0$ ekenligi anıqlang`an.

Qaraqalpaqstan Respublikasında sonın` ishinde izertlep otırg`an Shomanay territoriyasında klimat payda etiwshi negizgi faktor qısta jıllıq temperatura rejimin tez-tez o`zgerip turadı. Bul jıllı yaki suwıq hawa massalarının` ta`sirin ko`rsetedi.

1-keste

Shomanay rayonı boyınsha hawanın` ortasha temperaturası

| Aylar | No`kis | | Shomanay | | Qon`ırat | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 1 | 2 | 1 | 2 |
| I | 5,5 | 6,0 | 5,7 | 4,7 | 5,0 | 2,7 |
| II | 4,7 | 2,7 | 1,5 | 4,3 | 0,5 | 1,5 |
| III | 1,5 | 4,2 | 7,1 | 1,3 | 2,5 | 5,7 |
| IV | 10,5 | 13,2 | 16,0 | 9,0 | 11.7 | 14,7 |
| V | 18,7 | 20,7 | 22,7 | 17,2 | 10,5 | 21,5 |
| VI | 24,2 | 25,2 | 26,7 | 23,0 | 24,0 | 25,2 |
| VII | 27,5 | 28,0 | 27,5 | 26,0 | 26,5 | 26,2 |
| VIII | 26,7 | 25,2 | 23,2 | 24,0 | 25,5 | 22,5 |
| IX | 21,0 | 18,5 | 16,0 | 20,5 | 17,7 | 15,2 |
| X | 13,5 | 10,7 | 8,2 | 12.5 | 9,8 | 7,0 |
| XI | 5,2 | 2,7 | 0,7 | 4,1 | 2,0 | 0,7 |
| XII | 2 | 3,2 | 4,2 | 2,7 | 4,0 | 5,2 |

* Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması mag`lıwmatları tiykarında tayarlandı.

Bul keste mag`lıwmatlarınan qıs aylarındag`ı ha`m jaz aylarındag`ı hawa temperaturası o`zgerisli ekenligin ko`rsetedi. No`kisten Shomanay kolxozının` Aral ten`izine jaqın ekenligin ko`rsetedi.

Atmosferanın` jawın-shashın mug`darına kelsek Shomanay rayonı qurg`aq rayonda jaylasqan. Atmosferalıq jawın-shashın mug`darın to`mendegi mısaldan ko`riwimizge boladı. Atmosferalıq jawın0shashın jıl dawamında No`kiske 82 mm al Shomanay rayonına 108 mm jawadı. Bul atmosferalıq jawın-shashın aylar dawamında ha`r qıylı tu`sedi.

Jawın-shashınnın` bunday taralıwı ıssılıqtı suyetug`ın o`simliklerdi o`siriwge, yag`nıy paxtashılıqtı, salıgershilikti, ju`zimgershilikti, bag`manlıq ha`m tag`ı basqa da tarawlardı rawajlandırıwg`a qolaylı mu`mkinshililer beredi. Qısta atmosferalıq jawın-shashın qattı tu`rde de tu`sedi, biraz qatlamı juqa. Onın` qalın`lıg`ı 10 sm,

ayrım jag`daylarda 20 sm di tutadı. Qar qatlamı 20-30 ku`nnen ko`p saqlanbaydı.

Ayırım jılları qar ku`ta` az jawadı, al ayrım jılları kerisinshi qar mug`darı basım keledi.

Shomanay rayonı territoriyasında hawa rayının` qurg`aq bolıwı, ıssı ham jawan-shashınnın` kemligi bultsız ku`nlerdin` bolıwı qurg`aq samallardan` esip turıwı topıraqtan suw betinen ha`m o`simliklerden ko`p puw shıg`ıwına alıp keledi.

Rayon boyınsha puwlanıw jawıw-shashın mug`darınan bir neshe ese artıq.

Puwlanıwdın` 80-85 % may, oktyabr aylarına tuwra keledi.

Qaraqalpaqstanda sonday aq Shomanay rayonı territoriyasında ko`binese arqa shıg`ıs ha`m arqa batıs samalların esedi. Qısta arqa shıg`ıstan Aziya antitsiklonı, al jazda Orta Aziyanın` qublasında ha`m Hindistannın` arqa batısında to`men basım oraylarının` u`stemlik etiwi aytarlıqtay ta`sir jasaydı. Na`tiyjede ko`binese arqa samalları u`stemlik etedi ha`m olardın` tezligi 3-5 m/s barabar. Ashıq ku`nlerdin` sanı aprel`de 19-20 ku`n ja`ne de onın` ko`beyip, avgustte 27-30 ku`nge jetedi, son` ashıq ku`nlerdin` sanı qısqarıp, oktyabr` ayında 21-24 ku`nge ten` boladı.

Vegetatsiyalıq da`wirde samaldın` ortasha aylıq tezligi 26 m/s  42 m/s shekem jetedi. Aprel` ha`m may aylarında samaldın` tezligi ayrım jag`daylarda sekundına 10-15 m/ge shekem jetedi. İyun` aylarında pa`s samal bolatug`ın ku`nlerdin` sani ko`beyip iyun` ha`m avgust aylarında samaldın` tezligi belgili da`rejede pa`seyedi.

Jaz aylarında hawa rayı ashıq ha`m jawın-shashınsız boladı. Bul jaz aylarında paxtanı ha`m basqa awıl xojalıq eginlerin pisip jetisiwine qolaylı jag`day du`zedi. Rayrn klimat sharayatının` o`zgesheliklerine qaray ha`r qıylı awıl xojalıq egislerin rawajlandırıw qolg`a alınıp atır.

**1.2 Topırag`ı, o`simligi ha`m haywanatlar du`n`yası**

Shomanay rayonı territoriyasında allyuvial suwg`arıp egiletug`ın ma`deniy toparaqlar, otlaqlar, shımılı toparaklar, shorlı, shorlang`an topıraqlar, taqır ha`m topıraq tipleri ushıraydı. Biraqta gerritoriyada topıraqtın` payda bolıwı ha`m rawajlanıwı A`miwda`r`ya menen tıg`ız baylanıslı bolg`anlıg`ı sebepli allyuvial topıraqlar ken`nen tarqalg`an. Olar sol territoriyag`a jer astı suwlarının, terendigine baylanıslı avtomorflı ha`m gidromorflı bolıp eki gruppag`a ajıratıladı.

Birinshisi: avtomorflı topıraqlar olarg`a taqırlı topıraqlar ha`m taqırlar kiredi. Bul gruppag`a kiriwshi topırakdar ushıraytug`ın jerlerde jer astı suwları ju`de terende jaylasqan bolıp, olar jer astı suwların`sh ta`sirisiz aq rawajlanadı.

Ekinshisi: gidromorflı topıraqlar dep ataladı. Olardag`ı topıraq payda bolıw protsessleri ha`m rawajlanıwı jer astı suularının` ta`sirinde a`melge asadı. O`ytkeni gidromorflı topıraqlardı jer astı suwlarının, qedtsi jerdin` betine jaqın jaylasqan boladı. Gidromorflı topıraqlar gruppasına batpaqlı, batpaqlı tolaqlar ha`m otlaqlı topıraqlar kiredi: otlakdı taqırlı topırakdar avtomorflı ha`m gidromorflı topıraqlı gruppasının` arasındag`ı otken topıraq qatlamı esaplanadı. Bizin` regionımızda en` ko`p tarqalg`an topıraq tipleri otlaqlı topıraqlar, otlaqlı taqırlı topıraqlar, azlap batpaqlı otlaqlı topırakdar ha`m taqırlar ushıraydı. Kishigirim masshtabta bolsada batpaqlı oypawıtlar ha`m otlaqlı topıraklar ishindegi jergilikli kishigirim oypawıtlarda da ushıraydı. Batpaqlı otlaqlı topıraqlarg`a jer astı suwlarınıts jerdin` betine jaylasqanlıg`ı xarakterli. Olar bul tiptegi topırakdar jaylasqan jerlerde ko`binese 1-1,5 m terendike ushıraydı. Sonlıqtanda batpaklı otlaqlı topırakdar ushıraytug`ın jerler diyxanshılıq ko`z-qarasınan qolaysız ha`zirgi waqıtta olar tiykarınan mal jaylaw retinde paydalanıladı. Batpakdı otlaqlı topıraqlardı jaqsılaw boyınsha tiykarg`ı wazıypası jer astı suularının` qeddin peseytiw, kebirli jerlerdi shayıp suwg`arıwdan ibarat. Sonday-aq bundam jerlerdi teren` etip sүrip bosatıp topıraqtın arasın samallatıw kerek.

Otlaqlı topırakdı rayonnın`, barlıq suwg`arıw taraularının` a`tirapında ushıraydı. Olar ha`zirgi waq`pta suwg`arılıp paydalanılatug`ın jerlerdin` tiykarın quraydı.otlaqlı toparaqlar ushıraytug`ın jerlekrde jer astı suwları sayızda jaylasqan

bolıp olar jerdin` betine 1-3 m terendikte boladı. Sonlıqtan da bul jerdegi topıraqlar jer astı suwları menen baylanısta boladı. Rayon territoriyasındag`ı otlakdı topıraqlardın` derlik ha`mmesi ha`zirgi waqıtta diyxanshılıq ushın paydalanılıp atırg`an jerler. Otlaqlı topıraqlı, Otlakdı batpaqlı topıraqlarg`a uqsap gidromorflı topıraqlar gruppasına kiretug`ın bolg`anlıg`ınan basqa topıraq tұrlerine qarag`anda olar diyxanshılıq koz-qararsınan o`zine ten o`zgeshelikleri menen parıq qıladı. Usı tұrdegi topıraqlardan diyxanshılıqtan mol zu`ra`a`t alıw ushın en` birinshi newbette jer as tı suwları qeddinin` ko`teriliwine mu`mkinshilik bermey, al batpaqlı ha`m otlaqlı topıraqlarda bolsa jer astı suularının` qeddin tu`siriw ushın ilajlar qollanıw zeru`r. Bul tu`rdegi topıraqlar jer astı suwları menen barqulla baylanısta bolatug`ınlıg`ına shel klimat sharayatında topıraqtın` betinde duz toplanıp qalıwına mu`mkinshiligi tuwıla beredi. Sonlıqtan og`an qarsı ilajlar qollanılmag`an jag`dayda bunday tұrdegi topıraqlardın` ishinde kebirliklerdin` payda bolıwı itimal.

Rayonda shorlang`an, kebirli tiplerde ushırap, olar ko`binese diyxanshılıq sistemasınan shıg`ıp qalg`an ha`m jer astı suwlarınan ha`m jer u`stine jaqın boltan territoriyalarda ushıraydı. Bul jerler taslandı, kereksiz jerler bolıp esaplanadı. Sonın` ishinde teren` izeykeshler qazıw ha`m sonnı oz ұaqtında uzaqqa taslap turıw, shrlang`ai jerlerge xalıq ta`jiriybesine kore salı eginin egiw, jerdin, duzın tartıp alatug`ın ju`weri, mekke eginin egiw netiyjesinde diyxanshılıq aylanısına qosıw mu`mkin.

Taqırlı topıraqlar rayonnın` ayrım territoriyalarında ushırap, olardı o`zlestiriw qıyın. Olar ha`zirgi waqıtta xojalıq ehmiyetine iye emes. Taqırlı topıraqlar suwlardın, qashatug`ın jerlerinde, kanal sistemalarının, jag`alarında koplep ushırasadı. Ha`zirgi texnik jag`daylarg`a baylanıslı bul tiptegi topıraqlardı o`zlestirip diyxanshılıq aylanısqa qosıw mұmkin, olar ozlestiriw ushın pul qarjı talap etiledi.

Shomanay rayonı territoriyası tiykarınan allyuvial ibarat ekenliginen osimlikler qatlamının` jaylasıwı tolpıraqtın, sostapında duzlıq da`rejesi ha`m jer astı suwlarıp`sh qeddine tıg`ız baylanıslı.

Adamlardın` kvp jıllar dawamında hizmeti bizin, osimlikler qabatının edewir o`zgeriwine sebepshi boldı. Oaziske ten madeniy osimliklerdin` ko`p sanlı wa`killeri bar. Bizin` regionımızda texnikalıq eginlerden: paxta. Da`nli eginlerden: ayg`abag`ar, gұnji, zıg`ır. Sobıqlı osimliklerden: kapusta, qıyar, qawın, palawqabaq, asqabaq, pomidor, geshir, kartoshka, piyaz, baklajan, rediska, burısh, shalg`am, tu`rpi. Ot jem eginlerden: Sudan otı egiledi. Miywe ag`ashlarınan: ju`zim, alma, almurt, shabdal, erik, qereli, h.t.b. ken` tarqalg`an. Dekoratip ag`ash ha`m puta osimliklerden(aq terek, aq tal, qara tal, gu`jim, tug ag`ashı), esirese qala ha`m elatlı punktlerde ko`rnekli orındı iyeleydi. Bul egislikler territoriyasında tiykarg`ı bolimin paxta iyeleydi. Egislik maydanının u`lkenligi boyınsha salı, mekke ha`m jon`ıshqa turadı. Ha`r qıylı jabayı otaq osimlikler daqılı atızlarda bag`shalardı ha`m elatlı punktler jaylasqan zonalarda jiyi ushırasadı. Olarg`a peshek, pıshıq qwyrıq, boyan, suw otı, jantaq, oshag`an, biydayıq, qamıs, aq bas, qırıq buwın, zdiraspan, shen`gel ha`m soranın. bir neshe tu`rleri jatadı.

Bizin` regionımız tiykarınan jer fondı diyxanshılıq penen ba`nt bolıwına qaramasgan ele o`zlestirilmegen boz ha`m partaw jerlerdegi geypara osimlikler wekili praktikalıq jaqtan jın`g`ıl h.t.b. Boyan-en` ko`p tarqalg`an a`hmiyetli jabayı o`simliklerinin` biri. Ol kobinese suwg`arıw sistemalarının. boylarında egisten bos qalg`an jerlerde ha`m tog`aylarda bir tutas maydandı iyelep jatqan boyanlıqlardı payda etip osedi. Jantaq- bizin regionımızdag`ı eq ko`p tarqalg`an o`simliklerdin` biri. Ol jer astı suwları jaqın jaylasqan A`miwda`r`ya menen suwg`arıw sistemalarının, jag`asındag`ı polosada u`stirtke qanshelli jaqın jaylasqan sayın jer astı suwınıq tomenlewine baylanıslı sonshelli jantaqtın` sanı ko`beye beredi. A`sirese onı tu`ye jaqsı jeydi. Maydalanıp berilgen jag`dayda qoy eshki ha`m qara mallar ushında ol ot shop rolin atqaradı. Jer suw haywanlarına jasıl qurbaqanı, jer bawırlawshılardaı: jolaq sızıqdı kishi kesirtkeni, nag`ıshlı sarı jılandı atap ko`rsetiwge boladı. Quslardan: dala ha`m u`y shımshıg`ı, qumırı, qurg`ıltay, o`pepek, g`arg`a, uzaqsha, hekke ha`m awıl qarlıg`ashı ushıraydı. Mısalı: goran.g`ıl ha`m tal tog`aylardan u`lken Buxara siiitsası elatlı punktlerge ushıp kslip qıslaydı. Ayrım jag`daylarda elatlı punktlerge jırtqıshlar semeystvosınıp wa`killeri:

tu`lki, qasqır. Suwsarlar semeystvosınan: sasıq gu`zen, porsıq h.t.b. ushırasadı.

**1.3. Shomanay rayonının` ta`biyiy resursları xa`m olarg`a ekonomikalıq-geografiyalıq sıpatlama.**

Shomanay rayonı qolaylı ekonomikalıq geografiyalıq orında isleydi, ol qara boylı temir qol stantsiyasına jaqın 20 km aralıqta shomanay kanalının` boyında jaylasqan. Qaraqalpaqstan paytaxtı No`kis qalasınan 80 km qashıqlıqta Charjaw, Qon`ırat, Beynew, Aleksandrov-Gay bag`dardag`ı Orta Aziyanın` tu`sliktegi jaylasqan Tu`rkmenstan, Ta`jikstan ha`m O`zbekstan respublikasının` tu`slik oblast`ları Rossiya Federatsiyasının` Evropalıq bo`limin tutastıratug`ın tranzit temir jol liniyasına jaqın jaylasqan, bunnan basqa arqa bo`limnen Orta Aziyanın` en` iri da`r`yası A`muda`r`ya ag`ıp o`tip Shomanay ha`m basqa da xojalıqlarda suw menen ta`miyinlewde u`lken rol`ge iye. Geografiyalıq jaylasqan qolaylı ornı Shomanay diyxan fermer xojalıg`ının` basqa rayonlar menen transport ekonomikalıq baylanısların du`ziwge mu`mkinshilik tuwdıradı.

Geologiyalıq jaqtan Qaraqalpaqstan Respublikasının` ishki sostav bo`legi «Shomanay» diyxan fermer xojalıg`ının` territoriyası a`yyemgi waqıtlarda ten`iz astı bolg`an. Jerdin` ishki ha`m sırtqı ku`shlerinin` na`tiyjesinde ten`izden` ornında qurg`aqshılıqtın`, al qurg`aqlıq jerlerde ten`izdin` payda bolıwı bir neshe ret qaytalang`an.

A`yyemgi da`wirdegi atawlardın` qaldıqların ha`zirgi waqıtta Sultan Ways ha`m basqa da qaldıq tawlarda unıratıwg`a boladı. Joqarg`ı selur da`wirinde taw payda bolıw protsessin basınan keshirgen. Al taw payda bolıw protsessinde ha`zirgi ko`llerdin`, qazan shuqırlardın` payda bolıwına jag`day du`ziledi. Jawın-shashın, joqarı temperatura, samallar ha`m tag`ı basqa protsesslerdin` bir neshe ju`z mın`lag`an jıllar dawamındag`ı ta`siri na`tiyjesinde Qaraqalpaqstan Respublikasında U`stirt penen Qızılqumda absolyut biyikligi boyınsha en` to`men uchastkalar payda bolg`an.

Qaraqalpaqstannın` sonday-aq ishki Shomanay rayonı diyxan fermer xojalıg`ı jer betinin` du`zilisi juda tegis bolg`anlıqtan xalıq xojalıg`ının` barlıq tarawlarının` derlik rawajlanıwına mu`mkinshilik tuwdıradı. Ma`selen: oypatlıqlar irregatsiya

ha`m meliorattsiya jumısların jaqsı jolg`a salıwg`a mu`mkinshilik berse, U`stirt penen Qızılqumda mal sharwashılıg`ın jer ta`replemerawajlandırıw ushın qolaylı sharayat bar. Olar Shomanaydın` ishki rawajlanıw perspektivasına da u`lken ta`sir etedi.

Respublikamızdın` territoriyasının` tiykarg`ı rel`f formaların tegislikler menen oypatlıqlar quraydı. Qızılqum menen U`stirttin` ko`pshilik jerleri tegisliklerge kiredi. A`miwda`r`ya del`tası menen Qaraqalpaqstan Qızılqumnın` orta batıs ta`repindegi ten`iz jag`aları Turan aypatlıg`ının` arqa-shıg`ıs bo`limi bolıp esaplanadı.

U`stirt platosının` tu`slik shıg`ısındag`ı ken` ko`lemli territoriya Qaraqalpaqstan Respublikasına qaraslı. Bul territoriya jer betinin` du`zilisi boyınsha Respublikadag`ı en` ko`terin`kilew jaylasqan tegislik bolıp esaplanadı. Tegisliktin` ayrım tochkalarının` absolyut biyikligi ha`r tu`rli. Olardın` bir-birinen ayırmashılıg`ı 700 metrge shekem jetedi.

Shomanay rayonı shegaralasatug`ın U`stirtliktin` jer betinin` du`zilisi ha`k taslı taw jınıslarınan, saz ılaydan ibarat bolıp, olar qum, mayda qıyırshaq taslar, saz ha`m sarlaqlar menen qaplang`an. A`sirese taslı jerler U`stirtte ko`p ushırasadı. Qum massivleri ju`da` siyrek olardın` ayrım jerlerde shoqalaq qumlar formasında g`ana ko`riwge boladı.

Shoqalaq qumlar a`dette puta o`simliklerdin` a`tirapında payda boladı. Ol negizinen qumlı yamasa sazlı materiallardan du`zilgan bolıp keledi. Bos jınıslar a`sirese oynawıtlar menen qazan shuqırlarda ju`da` qalın` qatlamlar payda etedi. Ba`lentlew jerlerde bunday jınıslardan du`zilgan qabatlar juqa boladı.

Respublikamız jaylasqan tiykarg`ı territoriya oypatlıqlar ha`m tegisliklerdin` du`zilgan menen olardın` jer betinin` du`zilisinde oylawıtlar menen qazan shuqırlarda ushıraydı.

Taw payda bolıw protsessi to`rtlemshi da`wirde rawajlanadı, na`tiyjede qurg`aqlıq payda boladı. Son`ınan da`r`ya ag`ıslarının` ku`shli xızmeti baslanıp Turan oypatlıg`ının` u`lken massaların da`r`ya del`tasına jetkizip bergen. Bunnan tısqarı rayon jer beti ta`biyat faktorlardın` ta`siri astında payda bolg`an, sonın`

ishinde samaldın` ta`siri baslı ko`rsetkishti iyeleydi. Solay etip, Qaraqalpaqstan, sonday-aq Shomanay rayonı diyxan fermer xojalıg`ı territoriyası klimat sharayatına baylanıslı qurg`aqlıqqa beyimlesken sho`listanlıqlarda ibarat. Ha`zirgi rel`ftin` payda bolıwında baslı rol`di alloviat` jatqızıqlar iyeleydi.

**1.4. Klimatı ha`m agroklimatlıq resursları:**

Qa`legen territoriyanın` klimatın payda etiwshi faktorlarg`a geografiyalıq orın rel`efi okean ha`m ten`izge jaqın- uzaqlıg`ı atmosfera tsirkulyatsiyası ta`sir etedi. Shomanay rayonı Qaraqalpaqstan respublikasının` arqasında, U`stirt, Qızılqum arasında jaylasıwı ha`m arqadan keletug`ın suwıq hawa massalarının` tosıqsız rayon territoriyasına kirip keliwi atlantika okeanınan keliwshi ıg`allı hawa massaları rayonnın` klimat sharayatlarının` qa`liplesiwinde aytarlıqtay orın iyeleydi.

Rayon aymag`ı klimatına her ta`repleme sıpatlama beriw ushın qon`sılas Xojeli, Taqıyatas, Qon`ırat, Gene Urgench meteorologiyalıq stantsiyaları mag`lıwmatlarınan paydalanıw maqsetke muwapıq. Shomanay rayonı territoriyasında pu`tkil Orta Aziya respublikalarının, tegislik bolimindegi klimatı sıyaqlı jɣda` keskin kontinental klimatı payda etedi. Jazı hedden tıs ıssı ha`m qurg`aq, al qısı suwıq bolıp keledi.

Rayon klimatının` keskin kontinentallıg`ı hawanın, ortasha sutkalıq, aylıq ha`m jıllıq temperaturalardın, bir-birinen ayırmashılıg`ınan da anıq seziledi. Mısalı; rayon territoriyasına qon`sılas jaylasqan meteorologiyalıq stantsiyalarda jıl dawamında baklanatug`ın hawan`sh en` joqarg`ı ha`m en, to`men temperatura da`rejeleri Taqıyatasga 79° , Qon`ıratta 74 °, Xojelide 77 °. Kop jıllıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda rayon territoriyası ushın suwıq ay yanvarda hawanısh ortasha temperaturası -5,7-6,7° gradus, al en` ıssı ay esaplang`an iyul ayının` ortasha temperaturası +26,2 ° , +27,4 ° a`tirapında boladı. Sonı aytıp otiwimiz kerek rayon territoriyası ushın hawan`sh absolyut maksimumı +44°; +46°. absolyut minimumı -30°; -33° a`tirapında.

Bizin` respublikamızdın` rayonları ushın og`ada juwapkerli mewsim bolg`an ba`her respublikamızdın. qubla rayonlarında yag`nıy To`rtkɣl, Ellikqala,

Beruniy, A`miwdyar`ya rayonlarında mart ayının` ortalarında, Shomanay ha`m basqada orta zonada jaylasqan rayonlarda ol bir yarım, eki ha`ptedey keshigip aprel` ayının` birinshi on kʏnliginde baslanadı.

Hawanın, aylıq ha`m jıllıq ortasha temperaturası. 2-keste

| Meteo stantsiyalar atı | Ten`iz qa`ddinen ba`lentligi m esabında | Ortasha aylıq $t^0$ S | | Ortasha jıllıq $t^0$ S | Jıllıq amplituda | Jawın-shashın mm | Paydalı temp.jıyındısı Gradus esabında |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | yanvar` | iyul` | | | | |
| Qon`ırat | 63 | -7.1 | 25.8 | 10.0 | 32.9 | 108 | $1902^0$ |
| No`kis | 76 | -6.9 | 27.1 | 11.0 | 34.0 | 82 | $2147^0$ |
| Shımbay | 66 | -7.6 | 26.0 | 10.0 | 33.6 | 90 | 1958 |
| U`rgensh | 151 | -5.1 | 27.3 | 11.8 | 32.4 | 82 | 2215 |
| To`rtkul | 109 | -4.9 | 28.2 | 12.4 | 33.1 | 80 | 2385 |

* Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması mag`lıwmatları tiykarında tayarlandı.

Biz joqarıdag`ıkestede keltirilgen ko`p jıllıq meteorologiyalıq mag`lıwmatlardı analiz etetug`ın bolsaq qubla zonada rayon jaylasqan zonag`a qarag`anda agroklimatlıq resurslar bir qansha artıq ekeligin ko`remiz.

Sonda da atap o`tiwimiz kerek regionda hawa temperaturası diyxanshılıq tarmaqların rawajlandırıwg`a ha`m olardın` hasıldarlıg`ın asırıwg`a ta`sir etiwshi baslı faktorlardan biri sanaladı. Hawanıq bultlı kʏnleri ko`birik dekabr`, yanvar`, fevral aylarına tuwra keledi. Bul da`uirde bultlı ku`nler 43-45% arasında boladı. Quyashlı ku`nler saat mug`darında bir qansha joqarı bolıp iyun ayında Taqıyatasta 359, dekabr` ayında 106, jıllıqtı su`yetug`ın ko`plegen osimliklerdin, osip rawajlanıwın sutkalıq ortasha temperaturasının, +5° arqalı otiw waqtında emes, al sutkalıq ortasha temperaturalardın, +10° asıp ketetug`ın waqtınan baslaytug`ınlıg`ın na`zerde tutsaq, temperaturaları +5° joqarıraq bolg`an da`wir ishindegi plyus temperaturalar summasın anıqlaw, sonday aq temperaturalar +10° joqarı bolg`an ishindegi plyus temperaturalar jıyındısın anıqlawda belgili da`rejede a`meliy ehmiyktke iye. Professor J.Matmuratov Qaraqalpaqstan territoriyasın

temperatura jıyındılarının` jaylasıwı boyınsha u`sh ұlken kendik zonasına bo`lgen. Shomanay rayonı jaylasqan region orta zonag`a kiredi. Rayon jaylasqan zonadag`ı meteorologiyalıq staetsiyalardın` ko`rsetiwine qarag`anda o`simliklerdin` vegetatsiyalıq da`wirinde effektiv temperaturalar jıyındısı paxta, salı ha`m basqa ıssılıqtı su`yiwshi eginlerdi jetistiriw ha`m de olardın joqarı o`nim alıw imkaniyatın beredi.

Hawanın ortasha sutkalıq temperaturasının` +5, +10°S lardan joqarı temperaturalar jıyındısı ha`m ku`nler sanı. Vegitatsiyalıq da`wirdegi temperaturalardın` jıyındısı. 3-keste

| № | Meteostantsiya lar | Vegetatsiyalıq da`wirdegi temperaturalardın` jıyındısı | | Vegetatsiyalıq da`wirdin` uzaqlıg`ı, (ku`n) | | Vegetatsiya lıq da`wir degi netiyje |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | +5 | + 10 | +5 | + 10 | + 10 |
| 1 | Qon`ırat | 4028 | 3751 | 223 | 186 | 1891 |
| 2 | Xojeli | 4388 | 4031 | 224 | 191 | 2021 |
| 3 | Taxıyatas | 4419 | 4141 | 231 | 194 | 2201 |
| 4 | Go`ne Urgench | 4307 | 4010 | 230 | 193 | 2211 |

* Keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması mag`lıwmatları tiykarında duzildi.

O`zbekstanda termikalıq resurslardı bahalaw ushın effektli temperaturalar jıyındısın usılı qollanıladı.

Effektli temperatura degenimiz sutkalıq ortasha temperatura menen effektli temperaturalardın` tomengi sheginin` arasındag`ı ayırmashılıqtı tu`sinemiz, effektli temperaturalardın` to`mengi shegi her qıylı daqıllar ushın her tu`rli. Meselen: ol paxta ushın 10° , arpa, sulı, jazlıq biyday ushın 4-5°, tarı, kortofel` ha`m kapusta ushın 10°, mekke ushın 8-10°, qıyar ushın 10-12° qa ten`. Effektli temperaturalardın` to`mengi shegine shekemgi jıllılıq o`simliklerdin` o`siwi ha`m rawajlanıwı ushın paydasız esaplanadı. 2 - kestede ko`rsetilgenindey rayon jaylasqan regionda o`simliklerdin` vegetatsiya da`wiri behergi, gүzgi ayaz esapqa alınbag`anda 186-190 ku`ndi quraydı. Regiondag`ı na`tiyjeli temperaturalar

jıyındısı paxtanın` tez piser sortların rayonlastırıw, salı, biyday, mekke, ovosh-palız ha`m basqa eginlerden mol onim alıw ushın jetkilikli. Sebebi effektiv temperaturalar jıyındısı Qon`ıratta 1801°, Xojelide 2021°, Taqıyatasta 2201° boladı.

Ko`p jıllıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda (1950-1989) regionda deslepki beha`rgi suwıq tu`siwi 10-12-aprel`ge tuwra keledi. Ayrım jıllardag`ı ba`ha`rdin, qolaysız bolıp kelgen waqıtlarda aprel`din ekinshi yarımında, sonday-aq may ayının, baslarında da osimliklerdi suwıq urıp ketiw jag`dayları baqlanadı. Beha`rdegi bunday qıraw tu`siw miyweli daraqlar gu`line, baqsha ha`m palız eginlerinin` erte kogerip shıqqan na`llerge og`ada zıyanlı.

Ba`hardegi suwıq ku`nler 2-4-ku`nge, geyde onnanda ko`pke sozılıwı mu`mkin. Suwıqlı ku`nler jawınlı ku`nler menen birge kelgende awıl xojalıg`ında u`lken qıyınshılıqlardı payda etedi. Ayrım jılları tap usınday jag`daylardın` qaytalanıwı eqibetinde awılxojalıq egin maydanlarının` u`lken bo`limin qayta egiliwge alıp keledi. Bul o`z gezeginde awılxojalıq o`rimlerin jetistiriwshi ka`rxanalardın` jumısların qıyınlastıradı. En` qıyını artıqsha qerejetlerdin` shıg`ınına alıp kelip, ekonomikalıq qıyınshılıqlardı keltirip shıg`aradı. Regionda erte tu`setug`ın gu`zgi suwıkdarda guzɏtiledi. Mısalı: 1996 -jılı 23-sentyabr`de bunday awhal bayqaldı.

Shomanay rayonı aymag`ı qon`sı regionlar sıyaqlı Oraylıq Aziyadag`ı en` qurg`aqshıl rayonlardın` birinen sanaladı. Jıllıq jawın shashın mug`darı 80-100 mm a`tirapında bolıp, Qon`ıratta 95 mm, Go`ne Urgench 76 mm ge ten`. Jıllıq jawın shashın mug`darı rayon aymag`ında ayrım jılları o`zgerip te turadı. Mısalı: 2002-2003-jıllar. Keyingi jigirma jıl ishinde Respublikamızda jawın-shashın mug`darı ba`her aylarında jawadı. Bul oz gezeginde diyxanshılıqqa, a`sirese beha`rde egilgen eginlerge og`ada zıyanın tiygizedi. Jıwın-shashınnın, jıl dawamında bolistiriliwi 40 % i beherde, 20-25 % gu`zde, 30-35 % i qısta, 5-10% i jazda. Beher ha`m qıs mewsimlerinde jıl dawamında en` ko`p jawın-shashın bolıwına qaramastan sol aylarda tu`sken jawın-shashınnan toplang`an topıraqtag`ı ıg`allıq sonshelli az, paxta ha`mde regiondag`ı basqa kennen tarqalg`an osimliklerdin, egis

mewsimi baslamastan burın onın` kogerip shıg`ıwı ushın topırag`tag`ı ıg`allıq jetkiliksiz. Al jer astı suwları edewir terende jaylasqan boz ha`m partaw jerlerde, jaylawlarda jazdın` birinshi kүnlerinen-aq, topıraqtag`ı ıg`allıq jetispewshiliginen ko`pshilik tebbiy o`simlikler esiwin toqtatadı. Sonıda aytıwımız kerek rayon terretoriyasında jıllıq jawın-shashın az bolıwına qaramastan, esirese beher aylarında ayrım kүnleri jawın qısqa waqıt ishinde sel bolıp jawıwı mүmkin. Sonlıqtan paxta egisine keyingi jawg`an qedden tısqarı ko`p jawın-shashın paxta atızlarında qatıwasht`g payda etedi. Qatıwash u`zliksiz jawg`an jawın-shashın netiyjesinde topıraktın` mexanikalıq sostavı awır jerlerde tez payda boladı.

Mexanikalıq sostavı jen`il (qumlı) topırakdarda jawın awıl xojalıq ko`z-qarasınan onsha qa`wipli bolmaydı. Topıraqtın, betinde qatıwash payda boltan jag`dayda ol paxta shigitinin` kogerip shıg`ıwına irkinis jasaydı, onın, o`sip rawajlanıwı ushın qolaysız jag`day tuwıladı. Ko`pshilik waqıtları qatıuıshtın` astında osip kiyatırg`an shigit nabıt bolıwı da mu`mkin. Ko`p mug`darda jawgan jawın-shashın sebebinen tomen temperatura sharayatında jan`a ko`gerip kiyatırg`an na`ldin` tamırı shirip nabıt bolıwı ku`tiledi. Sonlıqtanda bunday jag`dayda paxtada tolıq na`l alıw maqsetinde payda bolg`an atızdag`ı qatıwashtı tez waqıt ishinde joq etiw ushın ilajlar qollanılıw za`rur. Jaz aylarında jawın-shashın og`ada az bolıwı awılxojalıq eginlerinin, osip rawajlanıwı ushın u`lken ta`sir ko`rsetpeydi. Olardın` tiykarg`ı rawajlanıwı suwg`arıw islerine baylanıslı.

Shomanay rayonı sonday aq Qaraqalpaqstan tiykarg`ı suw da`regi bolıp A`miwda`r`ya ha`m jer astı suwları esaplanadı.

A`miwda`r`ya baslanatug`ın jerinde Vaxdir dep ataladı. Ol Kiydikush tawının` arqa janbawında 5000 metr biyiklikligi Brevskiy muzlıg`ınan baslanadı.

A`miwda`r`ya No`kis qalasının` baslap bir neshe kanallarg`a suw beredshi. A`miwda`r`yanın` alabı 7000 $km^2$ lik u`lken del`tanı payda etedi. Bul del`ta SNG ellerindegi en` u`lken del`talardın` birinen esaplanadı.

A`miwda`r`ya del`tasının` iyelegen territoriyası Volga da`r`yasının` del`tasına qarag`andı 3,5 ese u`lken. A`miwda`r`ya del`tası 400 km ge jaqın. Ol to`men Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyası boyınsha o`tedi. A`miwda`r`ya

o`zinin` del`tasında bir neshe tarmaqqa ajıralıp ketedi, biraq olardın` ko`pshiligi quwrap qalg`an. Ha`zirgi waqıtta ag`ıp turg`an tarmaqların tek Taqıyatashtan 80 km arqa ta`repte jaylasqan Porlıtaw U`stirtliginen baslap ko`riwge boladı.

A`miwda`r`yanın` qurıwshı onın` negizgi salalar (Vaxsh, Pendj, Lefirnika) Orta Aziyadag`ı en` biyik ha`m u`lken taw sisteması Pamirden baslanadı. Sonlıqtan da`r`ya tiykarınan muz benen qardın` eriwinen suwıladı.

G`miwda`r`yanın` suwının` ta`jmin, onın` suwının` derekleri menen tıg`ız baylanıslı, ma`selen: ba`ha`rde tawlardın` etegindegi qardın` tez eriwi menen mart ayında da`r`yanın` joqarg`ı ha`m orta ag`ımlarında suwı ko`beye baslaydı.

Ba`ha`r aylarındag`ı tez-tez bolıp turatug`ın A`miwda`r`ya basseyinindegi jawın-shashınlar da`r`yanın` suwıq tag`ı da tasıtıp jiberedi.

Tawlardın` Orta ha`m joqarg`ı tekshelerindegi qar menen muzlardın` a`sirese iyun`, iyul`, avgust aylarında ju`da` jaqsı eriwi na`tiyjesinde A`miwda`r`ya suwının` tasıwı ku`tiledi.

Al suwdın` qaytıwı avgusttın` aqırında yamasa ko`pshilik jılları oktyabr` ayınan baslanadı. Suwdın` qaytıwı yanvar`, fevral` aylarına shekem dawam etedi. Da`r`ya ha`r jılı ortasha esap penen 300 mln ten`izge jaqın uyıq ag`ızıp a`keledi. Da`r`ya suwı betinin` jıllıq o`zgeriw amplitudası barlıq bo`limlerinde de ortasha 2 m, al Tu`yemoyın ha`m Taqıyatash usag`an tar jerlerinde ol 3 m jetedi. 1990 jıldan baslap Qaraqalpaqstanda iri suw xojalıg`ı ob`ektleri qurılıs basladı.

A`miwda`r`yanın` on` jag`asındag`ı arqa rayonlardın` jerlerin suwg`arıw ushın en` iri Qızketken kanalı qurıladı, al A`miwda`r`yanın` shep jag`asında Qanlıko`l, Qon`ırat, Xojeli rayonların, sonday-aq Shomanay rayonının` Shomanay diyxan fermer xojalıg`ı jerlerin suwg`arıw ushın 1960 jılı Suwenli kanalı qurıladı.

Bulaldın` tısqarı suwenli kanalda 3 gidrotexnikalıq uzel` bar, 54 km qashıqlıqta Kindik o`zek, 76 km qashıqlıqta Besko`pir ha`m 110 km qashıqlıqqa jin`ishke kanalı salıng`an.

Suwenli kanalı joqarg`ı ha`m to`mengi ag`ısında topraq u`yilip rashlar arqalı atadı. Sırtqı rezervleri a`dewir uzınlıqta suwlar menen tolg`an. Ol qashıqlardı remontlawdı qıyınlastıradı.

Jer astı suwlarının` jaylasıwı a`dette jer betindegi jatqızıqtın` mexanikalıq sostavına jer astı suwlarının` jaylasıw o`zgesheliklerine baylanıslı. Jer astı suwları tiykarınan jawın-shashınlar A`miwda`r`ya tarmaqları bolg`an Lenin atındag`ı ha`m Amanjap atındag`ı kanal menen atızdag`ı suwlardın` bir bo`limi jerge sin`iwi na`tiyjesinde qosılg`an suwdın azıqlanadı. Kanallardın` boylarına suwg`arılıtug`ın zonada jer astı suwları sostavı ushıraydı.

Kanallardın` uzaqlasqan sayın jer astı suwlarının` qa`ddi to`menlep baradı. Shomanay rayonı territoriyasında jer astı suwlarının` qa`ddi 1 m -3,5 m shekemgi teren`likte jaylasqan.

Jer astı suwları qa`ddinin` jıl dawamındag`ı o`zgerisinde sol territoriyanın` ta`biyg`ıy sharayatı a`hmiyetli faktor suwlarının` azıqlanıwı boyınsha ayrıqsha orında iyeleydi. Bul territoriya jer astı suwları kanallardın` tasqın suwlarınan azıqlanadı. Sonlıqtanda jer astı suwlarının` qa`ddi kanal qa`ddine baylanıslı. Ha`tte bul jerlerde jer astı suwları sayızdı ushıraydı. Jer territoriyadag`ı geypara teren` oypatlıqlardın` ultanın da suwdı jıl dawamında da ko`riwge boladı.

Suwg`arılatug`ın aymaqlarda da jer astı suwlarının` qa`ddi jıl dawamında o`zgerip turadı. bul uchastkalarda jer astı suwlarının` qa`ddi suwg`arıw da`wirinde ko`binese joqarg`ı da`rejege ko`terilip, al qıs aylarında ol a`dewir pa`seyedi. Diyxanshılıq ushın o`zlestirilmey atırg`an uchastkalarda jer astı suwlarının` qa`ddi a`dewir teren`likte jaylasqanlıqtan a`dette bul teren`lik jıl dawamında da turaqlı boladı. Qurg`aq kontinentallı klimat sharayatında jer astı suwlarının` atmosferalıq jawın-shashınnan azıqlanıwı o`te az. Jer astı suwlarının` qa`ddi jerdin` batıs betinen qa`nshelli jaqınıraq jaylassa onın` azıqlanıwında jawın-shashınnın` ta`siri sonshelli ko`birek boladı.

Jer astı suwlarının` azıqlanıwında tiykarg`ı roldi suwg`arıw ushın jumsalatug`ın suwlar iyeleydi. Bul zonanın` ayrım teritoriyasında jer astı suwlarının` qa`ddi qısqa da`wir ishinde aq joqarı ko`terilip ketiwi mu`mkin. Sebebi suwg`arıw ushın suwg`arıw sistemalarında normadan tıs ko`p suw jumısaladı. Geypara xojalıqlarda duzlı jerlerdi shayıp suwg`arıwjumısının` durıs jolg`a qoyılıwı da jer astı suwı qa`ddinin` ko`terilip ketiwine sebepshi boladı.

Jer astı suwlarının` qa`ddi derdin` betine qa`nshelli jaqın jaylasa onnan sonshelli ko`birek suw puwlanadı. Jer astı suw qa`ddinin` joqarı ko`teriliwi suwg`arılatug`ın zonanın` tegislik bolıwına ha`m hawa temperaturasının` ku`ta` jaqtılıg`ı bul jerdin` betinde duzdın` ko`beyip ketiwine sebepshi boladı. O`ytkeni suwg`arıwg`a jumsalatug`ın ha`r bir mın` kubomert suw atızg`a 50 kg g`a jaqın duz alıp keledi. Onın` 38,5 protsenti o`simlikler ushın zıyan.

Jer astı suwları qa`ddinın` ha`dden tıs ko`terilip ketiwine qarsı gu`resiw awıl xojalıg`ındag`ı tiykarg`ı wazıypalardın` biri bolıp tabıladı. Sonlıqtan fil`tratsiyag`a qarsı ilajlardı a`melge asırıw ushın suwg`arıwdı ratsional` ju`zgiziw kerek.

Fil`tratsiyag`a qarsı ilajlardın` biri suwg`arıw sistemalarının` jag`asındat ag`ash egiw bolıp tabıladı. Bul ilaj arqalı ulıwma fil`tratsiyanı shama menen 25-30 protsentke azaytıw mu`mkinshiligine iye bolamız.

Rayon xojalıqlarında jer astı suwlarının` qa`ddin pa`seytiw jerdin` agrotexnikalıq sharayatın jaqsılawdı ha`m onın` o`nimdarlıg`ın ba`rqulla arttırıwdag`ı tiykarg`ı wazıypalardan esaplanadı. Bul ma`selede keyingi jılları ken` masshtabta qolg`a alınıp atırg`an kollektor ha`m izeykeshler sistemaların qazıw en` a`hmiyetli ilajlardın` biri. Kolektor ha`m olarlerdin` na`tiyjeli paydalanıp atırg`an xojalıqlar egislik jerlerdin` o`nimdarlıg`ın arttırıwg`a turaqlı mol zu`ra`a`t alıwda tiykarg`ı ilajlar ekenligi da`lillenip otır. Keyingi jılları Shomanay rayonında kollektor ha`m izeykesh tarawları qazılıp ken`nen paydalanılıp atır.

Topırag`ı. Qaraqalpaqstannın` geografiyalıq jaylasqan ornı sho`l zonasına tuwra kelgenlikten onın` topırag`ının` basım ko`pshiligin boz topıraq iyeleydi.

Degen menen respublikanın` jer betine qurawshı jınıslardın` ha`m qıylı bolıwı ha`m ol territoriyalarda jer u`sti suwlarının` bir tegis jaylasıwı topıraq tu`rlerinin` ha`r qıylılıg`ın payda etedi.

Ulıwma alg`anda respublikadag`ı topıraq Orta Aziyadag`ı diyxanshılıq ta ken` masshtabta islenetug`ın basqa topıraqlardan parıq qıladı ha`m mineral zatlarg`a bay keledi. Biraq organikalıq zatlar topıraqtın` strukturasında kem ushıraydı.

Territoriyada jıllıq jawın-shashın mug`darının` qa`dden tıs az ekeligi, al og`an qarag`anda jıllıq puwlanıw mu`mkinshiliginin` bir neshe ese ko`p ekenligi sebepli

topıraqtın` betinde ju`da` ko`p mug`darda duzlardın` ja`mlep qalıwı bizde ushıraytug`ın topıraqlarg`a ta`n qa`siyetlerdin` birinen esaplanadı.

Sonlıqtan Respublika Kebir-shor jerler jiyi-jiyi ushıraydı. Sonın` menen birge ha`tteki diyxanshılıqqa jaramlı topıraqlarda da ko`pshilik jag`dayda sostavında duzlardın` artıqmash ekenligi sezilip turadı.

Qaraqalpaqstan arqa shıg`ısındag`ı ken` ko`lemli Qızılqumnın` territoriyasında qumlı boz topıraq gezlesedi.

Bizin` respublikamızdın` ataw tu`rindegi jaylasqan qoltıq taw Sultan-Wzis ha`m tag`ı basqa u`stirtliklerge sur qon`ır topıraq xarakterli. Qusxana taw, Keltaw, Qızıldar, Porlı taw u`stirtliklerinde ushıraydı.

Qaraqalpaqstan u`stirinde sur qon`ır topıraq xarakterli. Batpaqlı topraqlar tiykarınan A`miwda`r`yanın` ha`zirgi tarmaqları Aqda`r`ya, Qashqada`r`ya ha`m İshko`pir o`zektin` arasında ha`m del`tanın` arqa bo`limindegi ko`plegen ko`llerdin` a`tiripında gezlesedi.

Bul pikirlerde jer astı suwlarının` ju`da` jaqın jaylasqan. Batpaqlı topraqlar islep atırg`an A`miwda`r`yanın` o`r jag`ına qaray sozılıp, sına sıyaqlı su`yirilip keledi. Bul topıraqtın` tu`rin suwg`arılıp egiletug`ın jerlerdin` ishinde kishkene ko`lemli oypatlar tu`rinde ushıratıwg`a boladı. Sonlıqtan bastpaqlı otlaqlı topraqlardı jaqstsılaw boyınsha tiykarg`ı wazıypa jer astı suwlarının` qa`ddin pa`sen`lewden ha`m ibarat.

Sonday aq bul jerlerdi teren` etip tırmalap, basalap topıraqtın`, arasın samal qaqtırıw kerek.

Rayonnın` topırag`ı: otlaqlı topıpaq, otlaqlı sazlı topıraqlar esaplanadı.

Rayon toprag`ının` struktura organikalıq zatlardın` sostavı az, zatlar topıraqtın` u`stin`gi qatlamında 1,3-5 protsentti qurap, 130-140 sm teren`likte organikalıq zatlar 0,5 protsentke shekem ketedi.

Paxtashılıq tarawında mineral to`ginlerden ken` tu`rde paydalanıladı. Adamlardın` ta`sirinde suwg`araw tarmaqlarının` qurılıwı, minerel` to`ginlerin to`giw na`tiyjesinde topıraqtın` sostavı o`zgeredi.

Ha`zirigi waqıtta topıraqtın` o`nimdarlıg` ın arttırıwda almaslap egiw

a`hmiyetli orın iyeleydi. Paxtanı, jon`ıshqa menen almaslap egiw jıldan jılg`a ku`sheymekte. Bul jerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaydı, sonın` menen birge agrotexnikalıq ilajlardın` na`tiyjeliligin arttıradı.

Qaraqalpaqstan territoriyası Orta Aziyanın` shigitlik bo`limlerinin` basqa jerlerge qarag`anda o`simliklerge bay. Olardın` o`siw sharayatı ha`m tarqalıwı tiykarınan territoriyadag`ı topıraq qatlamının` ıg`allanıw da`rejesi menen tıg`ız baylanıslı o`simliklerdin` territoriya boyınsha jaylasıwında sol jerlerdin` topıraqtın` sostavında ushıraytug`ın duzlardın` mug`darı da u`lken rol` oynaydı. O`simliklerdin` o`siwi ha`m rawajlanıwı ushın en` qolaylı sharayat ıg`alıq penen baylanıslı.

A`miwda`r`ya del`tasının` porlı taw U`stirtliliginin` ju`da` jaqsı jaylasqan territoriyasında tiykarınan qamıs, jeken, jabayı kendir, suw pıyaz-g`oza urıq o`sedi. Bul jerlerde qa`nshelli topıraqtın` ıg`llanıw dg`rejesi jetkilikli bolg`an sayın qamıs sonshelli ko`birek bola beredi.

Qamıs Qaraqalpaqstan jag`dayında a`sirese jılqı ha`m qara mallar ot-sho`p ushın ju`da` a`hmiyetli. Onın` qoylar ushın azlap paydalanıwg`a boladı. Qaraqalpaqstanda aq jın`g`ıl, qızıl jın`g`ıl ko`p gezelesedi. Jın`g`ıllardın` boyı ko`pshilik jag`daylarda 2-4  metrge jetedi 5-6 metrge shekem jetedi. Jantaq ko`p jıllıq o`simlikler qatarına kiredi. Onın` topır sisteması joqarı rawajlang`an boladı. Sonlıqtan jer astı suwları 10-15 metrdan to`mende jaylasqan, uchaskalarda da ol o`siw rawajlanıw mu`mkinshiligine erisedi. Shomanay rayonının` Shomanay kolxozının` da o`zine ta`n o`zgesheligi bar.

Bul jerde o`simliklerdin` tiykarg`ı tu`ri qamıslıqlar ko`birek tarqalg`an. Sonday aq putalı ag`ashlar ken` tarqalg`an bolıp, tog`aylı sho`l o`simlikleri de ushırasadı. Bklar jamaw ushın ken` paydalanıladı. Basqa o`simliklerden terek, tal jiyde, toran`g`ıl, qamıs, jantaq, seksewil, sora ushırasadı.

Qaraqalpaqstanda sonın` ishinde Shomanay rayonınıda egislik penen ba`nt territoriya o`simlikleri o`zine ta`n ayrıqsha orındı iyeleydi. Olardan, paxta, salı, kapusta, qıyar, asqabaq, pomidor, baklajan, geshir o`sedi ha`m u`lken xojalıq a`hmiyetine iye. Al jabayı o`simlikler mal sharwashılıg`ı ushın ot-sho`p retinde

paydalanıladı.

Rayon aymag`ının` ta`biyiy sharayatına iykemlesken haywanat tu`rleri ushıraydı ha`m olardın` ko`pshiligin ta`biy ortag`a iykemlesken resurs deregin qa`liplestiriwde roli az.

Sonlıqtan awıl xojalıq tarawların rawajlandırıw ushın ko`pshilik ilajlar aldın du`zilgen rejege saykes iske asırıladı.

Keyingi jıllardag`ı ulıwma ju`z bergen jag`daylarg`a baylanıslı awıl xojalıg`ı o`ndirisinde iri-iri qıyınshılıqlar payda bolmaqta, bul ba`rinen de burın Tu`slik aral basseyinindegi ekologiyalıq situatsiyalarg`a baylanıslı bolıp otır. Na`tiyjede egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayı tu`menlep, awıl xojalıg`ı daqıllarınan alınatug`ın zu`ra`a`t pa`seymekte, usıg`an sa`ykes xojalıqtın` ta`biyiy sharayatın ken`nen u`yrene otırıp ju`z bergen qıyınshılıqlardın` aldın alıw ushın tiyisli ilajlardı iske asırıw za`ru`r.

Bul aldag`ı perspektiva da Shomanaydın` diyxan fermer xojalıqlaroında o`ndiriwshi ku`shlerin keskin rawajlandırıwg`a jol ashatug`ını so`zsiz.

Shomanay rayonı aymag`ında xalıq xojalıg`ı tarawlarının` rawajlanıwı ha`m onı jedellestiriwdin` rayrnnın` ekonomikalıq sotsiallıq potentsialının` joqarılawına ta`siri. Shomanay rayonının` xalıq xojalıg`ının` tiykarg`ı tarawı paxtashılıq ha`m mal sharwashılıg`ı, bulardın` basqa ha`zirgi bazar ekonomikasına o`tiwdin` talaplarına muwapıq o`zin-o`zi awıl xojalıq o`nimleri menen ta`miynlew maqsetinde g`a`lleshilik, ovosh ha`m palız basqa o`nimlerin jetistiriwge de ayrıqsha kewil awdarılg`an. Shomanay rayonı Qaraqalpaqstan xalıq xojalıg`ı kompleksinede paxtashılıqqa qa`nigelesken en` iri rayon qatarına kiredi.

Ol Qaraqalpaqstanda jetistiretug`ın paxtanın` 9,7 % in ovoshtın` 88,1 protsentin miywe o`nimlerinin` 5,1 % ma`yektin` 2,1 % in jetkerip beredi.

Rayonda 5 mal xolalıg`ı 4 fermer arendalıq xojalıq bolıp olar paxtashılıqqa qa`nigelesken. Olarg`a Shomanay sovxoz texnikumı Gagarin, M.Abudullaev atındag`ı kolxoz, Aq altın A.Musaev, Diyxanabad Aybu`yir, A.Uteeutsliv atındag`ı kolxozlardan turadı. Bul xojalıqlar paxtashılıq, g`a`lleshilik ha`m mal sharwashılıg`ı menen shug`ıllanıp ko`plep azıq awqatlıq o`nimler jetkerip beriw

mu`mkinshiliklerine iye. Rayonda ulıwma o`nimnin` ko`pshilik mug`darı yag`nıy 76 % i diyxanshılıq tarawı u`lesnin` tuwra keledi. Al, qalg`an 25 % sharwashılıq tarawı u`lesine tuwra keledi. Rayonnın` 45,3 mın` ga jer maydanı awıl xojalıg`ı ushın jaramlı jerler dep esaplanıp sonnın 25,7 mın` ga jeri su`rip beriletug`ın jerlerge kiredi. Rayonnın` 13,5 mın` ga jer maydanı jaylaw, 1,4 mın` ga sın boz jerler, al 67 ga ko`p jıllıq ag`ashlar iyelep atır. Sonnan 25 ga miywe bag`larının` maydanınan ibarat. Topıraqtın` ha`dden tısqarı shorlanıp ketiwi ha`m jer astı suwlarının` jaqın jaylasıwı Shomanay rayonının` egislik jerlerine jaman ta`sir etpekte. Bulardan alınatug`ın o`nimlerdin` sapasız bolıwına alıp kelmekte. Sonın` ushın da egisti almaslap egiw usılına o`tpekte. Paxtashılıq rayonnın` en` jetekshi tarawı bolıp, ol rayonnın` ekonomikalıq rawajlanıwın da u`lken rol oynaydı.

Qaraqalpaqstan boyınsha paxtanın` egislik maydanının` 12 protsenti usı Shomanay rayonının` u`lesine tuwra keledi. Al rayondag`ı egislik maydannın` 67 % ti paxtanın` egislik maydanına tuwra kelip, rayonda jetistiretug`ın ulıwma diyxanshılıq o`nimnin` 72,6 % in quraydı. Son`g`ı jılları egislik maydanlardın` esabın ju`rgiziwde ta`rtip ornatıw agrotexnikanı jaqsılaw, miynetti ha`m o`ndiris protsessin kemlestiriwdi jetistiriw, jumıstı alıp islew, paxtashılıq xojalıqtı ju`rgiziwdin` barlıq formalarına ruxsat etiw, sem`ya, brigada, kollektiv usılar miynetke haqı to`lewdin` progressiv usıların qollanıw arqalı paxtashılıqtı intensiv pa`t penen rawajlandırıwg`a erisildi.

2000-jılı ulıwma rayon boyınsha 13,9 mın` tonna paxta o`ndirilip, usının` 57 % ti paxta teriw mashinaları ja`rdeminde terip alındı. Rayonnın` xojalıq orında mal sharwashılıg`ın rawajlandırıwg`a u`lken kewil bo`linbekte. Ha`zirgi waqıtta mallardın` bassanın ko`beytiw, olardın` o`nimdarlıg`ın ko`teriw ha`m ot-jem bazasın bekkemlewge qattı talap qoyılmaqta. Sog`an qaramastan rayonnın` qara mal sharwashılıg`ın ha`zirgi rawajlanıw da`rejesi talapg`a tolıq juwap bere almaydı. Rayon boyınsha mallardın` bas sanının` o`siw pa`ti to`men ha`m alınatug`ın o`nimdarlıq boyınsha da respublikalıq ortasha ko`rsetkishten a`dewir to`men da`rejede turadı. Sonday aq qoy ha`m eshkilerdin` de bas sanı og`ada az. 2000 jılg`ı mag`lıwmat boyınsha rayonda go`sh ha`m su`t jetistiriwde to`men

da`rejede boldı, mal sharwashılıq o`nimlerinin` basım ko`pshiligi Diyxanobad kolxozı, Shomanay sovxoz texnikumı ha`m pravda sovxozları bolıp esaplanadı. Olardın` u`lesine rayonda jetilistiretug`ın go`shtin` 19,1 % al su`t o`nimlerinin` 21,4 % A tuwra keledi. Keyingi jıllardı rayon ko`leminde mallardın` bas sanın ko`beytiw ha`m mal sharwashılıq o`nimlerinın` o`zine tu`siw bahasın azaa`tıw maqsetinde, sawın sıyırlar ha`m semirtetug`ın mallar sem`yalıq usılda bag`ılmaqta.

Keiyngi jıllarda rapyon ko`leminde sotsiallıq tarawlarda u`lken o`zgeris keldi. Qala ha`m awıllıq jerlerdi tutastıratug`ın avtomobid jolları qurıldı ha`m baylanıs tarawları rawajlanbaqta. Xalıqqa turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetetug`ın tarawlar rawajlandırıwg`a ayrıqsha itibar berilmekte. Rayln orayı ha`m awıl xojalıg`ında elatlı punktler asfal`tlang`an jollar menen tutastırıldı. Shomanay rayonı territoriyasına jaqın jerden Tashkent-Evropa bag`darındag`ı temir jol liniyası o`tedi. Bul Shomanay rayonı aymag`ında o`ndiriwshi ku`shlerdi rawajlandırıwg`a mu`mkinshilik tuwdıradı.

Rayonnın` Shomanay fermerler xojalıg`ı O.Kokkozov atındag`ı Diyxanabad xojalıqları temir jol liniyasına tikkeley jaqın jaylasqan. Rayong`a keletug`ın xalıq xojalıq ju`kleri, a`sirese sanaat tovarları, mineral to`gin g`a`lle o`nimleri, qant, ag`ash h.t.b. o`nimler qarabaylıdag`ı Shomanay stantsiyasına tu`siriledi ha`m sol jerden rayon xojalıqlarına tartıladı. Rayong`a o`ndiriwshi ku`shlerdin` tez pa`t penen rawajlanıwına asfal`tlang`an jollardın` ulıwma uzınlıg`ı 120 km den astı. Mine usı jollar arqalı `irinshi na`wbette rayon awıllıq ken`esleri, sonday aq xojalıq ortalıqlarına tikkeley baylanıs ornatıldı. Avtomobil transport arqalı ha`r jıl sayın passajirlerdi tasıw ha`m og`an madeni jaqtan elatlı punktlerdin` ha`m xojalıq ortalıqlarının` o`sip jetisiwine jol ashtı. Na`tiyjede rayon xalıqı tolıspaqta ha`m jan`a elatlı qonıslar sanı ko`beymekte.

## II BAP. SHOMANAY RAYONININ` JER-SUW RESURSLARINA GEOGRAFIYALIQ SIPATLAMA HA`M ONNAN PAYDALANIWDIN` HA`ZIRGI JAG`DAYI HA`M ONI RAWAJLANDIRIWDIN` BAG`DARLARI

### 2.1. Shomanay rayonının` ta`biyiy ekonomikaliq resurslari ha`m onnan paydalaniwdin` ha`zirgi jag`dayi.

Shomanay rayonında elege shekem paydalanılmay atırg`an jer, mineral shiyki zat resurslarının` ko`pligi sanaattın` ayırım taraularının`, sonday-aq xalıq xojalıg`ının` basqa da taraularının` rauajlanıuına ken`nen jol ashadı.

Bizin` sharayatımızda jan`a territoriyanı o`zlestiriu xa`m onın` ta`biyiy resurslarınan xalıq xojalıg`ında paydalanıu ma`seleleri ulıwma ja`miyettin` ma`pi ushın respublikanın` o`ndiriushi kushlerinin` bunnan bılayda rauajlanıwı ushın iske asırıladı.

Shomanay rayonının` ekonomikalıq resursları onın` aymag`ı boyınsha bir tegis jaylaspag`an.

Shomanay rayonı terretoriyasında ko`p sanlı topıraqtın` tu`rleri ushırasalı ha`m olar maydanı 63565 gektarlıq rayonnın`, jer fondın dұzedi. Biraq usı ko`lemdegi jer resurslarının, ha`zirgi waqıtta awıl xojalıg`ı endirisinde barlıg`ı bolıp 20-21 mın, gektar maydan egislik ushın paydalanıladı ha`m olardın, kopshilik bolimleri meneralizatsiya protsessii bastan keshirmekte. Sonlıqtan Shomanay rayonı sharayatında egislik fondınan ratstonallı paydalanıw ku`n ta`rtibindegi baslı mashqalalardan esaplanadı.

Qaraqalpaqıstan jer resursları basqarmasının` 2005-jıl 1-yanvar` xalatındag`ı mag`lıwmatlarına qarag`anda rayonnın` ulıwma jer fondı 63565 gektardı qurap, Respublikamızdın, ulıwma jer fondının` 0,39 % in iyeleydi. Usınnan suwg`arılatug`ın jerler 22413 gektardı quraydı. Keste ko`rsetilgenindey awıl xojalıg`ına jaramlı jerler 35611 gektar bolıp, rayon jer fondının` 56% in quraydı. Al usınnan pishenlik ha`m jaylawlar 15175 gektar bolıp, 23,87% ti, egislik jerler 2005 jılı 20434 gektar bolıp, 32,15% quraydı.

Shomanay rayonı jer resursları. gektar esabın`da 4-keste.

| № | Ko`rsetkishler | Shomanay rayonı boyınsha barlıg`ı. | |
|---|---|---|---|
| | | Ga | % esabında |
| 1 | Awılxojal ı g`ında paydalanatug`ın jerler. | 35611 | 56 |
| 2 | Usınnan | 22413 | 35,76 |
| 3 | Ko`p jıllıq ag`ash. | 2 | 0,003 |
| 4 | Jaylawlar. | 15175 | 23,87 |
| 5 | Meleorativlik qurılıs xalındag`ı jerler. | 933 | 1,47 |
| 6 | Tog`aylar. | 6 | 0,009 |
| 7 | U`y qaptalı uchastkaları, jollar, sotsiallıq ob`ektler. | 4441 | 6,99 |
| 8 | Suw astındag`ı jerler. | 7357 | 11,57 |
| 9 | Awıl xojalıg`ında paydalanılmaytug`ın jerler. | 15217 | 23,94 |
| 10 | Rayon boyınsha: | 63565 | 100 |

*Keste: Qaraqalpaqstan respublikası jer resursları basqarması mag`lıwmatları tiykarında dүzildi.

Bul korsetkish Qaraqalpaqstan Respublikasında 2,6% ti quraydı. 2004 jılg`ı Qaraqalpaqstan Respublikası jer resurslar basqarması mag`lıwmatları boyınsha rayon jer maydanı 81432 gektar bolıp, usınnan ulıwma suwg`arılatug`ın maydan 28701 gektar, egislik maydan 26613 gektar. Usınnan Shomanay rayonının, Tu`rkmenstan Respublikasınan uzaq mu`ddetli paydalanıwdagı jerleri 17867 gektar bolgan bolsa, 2004 jılı ma`mleketler aralıq kelisim tiykarında Tu`rkmenstan Respublikasına qaytarıldı. Bu`gingi ku`nde rayonda 20 mın` gektar egislik maydan bolsa , usı egislik maydannın` 200 jılı 15279 gektar jeri yagnıy 70-75% i paydalanıldı.

Shomanay rayonında 2004 jılı suwgarılatug`ın maydanlardın` kolemi 28700 gektar bolıp, ulıwma awılxojalıg`ınada paydalanılatug`ın jerlerdin` 61,33 % in quradı. Al egislik maylan bolsa 26613 gektar boldı.

**Shomanay rayonının, suwg`arılatug`ın jer maydanları haqqında mag`lıwmat.** 5-keste

| Jerden paydalanıwshı xojalıqlar | Suwg`arılatug`ın maydan. | Usınnan | | Ko`p jıllıq ag`ashlar | U`y qaptalı jerleri | Tog`ay |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Egislik maydan | Halatı jaman jerler | | | |
| Aybu`yir | 2984 | 2742 | 1125 | - | 242 | - |
| Diyxanabad | 5431 | 5174 | 2660 | - | 253 | 4 |
| Doslıq bayrag`ı | 4694 | 4377 | 1964 | - | 317 | - |
| A.Musaev | 3510 | 3347 | 1204 | - | 163 | - |
| M.Abdullaev | 4113 | 3719 | 1527 | - | 392 | 2 |
| O.Kokko`zov | 3579 | 3275 | 906 | - | 304 | - |
| Shomanay | 4057 | 3830 | 1662 | 2 | 225 | - |
| Rayondag`ı basqada mekeme ha`m sho`lkemler ge tiyisli jerler | 333 | 149 | 17 | | 184 | |
| Rayon boyınsha | 28701 | 26613 | 11065 | 2 | 2080 | 6 |

* Keste Qaraqalpaqstan Respublikası jer resursları basqarması mag`lıwmatları tiykarında berildi.

Kestede korsetilgenindey rayonda suwg`arıtlatug`ın maydan 28700 gektar, ko`p jıllıq ag`ashlar 2 gektar, jemi tog`aylıqlar bolsa bar jog`ı 6 gektardı qurag`an. Rayonnın`, jer fondı u`lesinde tog`aylardın, bunday da`rejede qısqarıuının` bir qansha sebepleri bar elbette. Aral boyı jag`alawında ha`zirgi waqıttag`ı ekologiyalıq jag`dayda Aral ten`izinin` qeddinin` to`menlep ketiwi A`miwdar`yan`sh to`meninde gidrologiyalıq sharayattın` keskinlesiwi bul regionda osimlik dɣn`yasının` her qıylı ekologiyalıq tiyplerine ta`sir jasamaqta. Ayrıqsha atap otetug`ın jag`day tog`ay tipindegi o`simlik du`n`yasında sezilerli da`rejede o`zgerisler bayqaladı. Son`g`ı on jıllar ishinde tog`ay eko sisitemasına antropogen ta`sirlerdin, birden o`sip ketiwine baylanıslı tog`aylardın` iyelegen maydanının` keskin qısqarıp ketiwine, ekosistemanın` ekologiyalıq turaqlılıg`ının` buzılıwına alıp keldi.

Ha`zirgi waqıtta A`miwdar`yanın, to`mengi ag`ısı boliminde 30 mın` gektar artıq tog`ay bolıp, bul tebiyat baylıg`ı og`ada za`rurli ha`m paydalı, sonın` menen birge A`miwdar`yanın, to`mengi ag`sı ha`m del`tasında ekologiyalıq turaqlılıqtı saqlawshı bolıp xızmet etedi. Orta Aziyada tog`aylardın` iyelegen maydanının` ұlken bolegi A`miwda`r`yanın, to`menine tuwra keledi.

Tog`aylar-bul ekosistemanın` a`jayıp tipi. Tog`aylardı o`zine ta`n flora ha`m faunanın` ta`biyiy rezervatı sıpatında dep qaraw mu`mkin. Usıg`an baylanıslı ja`ne hawanı tazartıp turıwshı ha`m ıg`allıqtı saqlawshı rolin esapqa ala otırıp, olardın` sozsiz tұrde qorg`alıwı tiyis ekenligin korsetip o`tiwimiz kerek. Sonlıqtan da tog`aylardı ta`biyiy ekenligin korsetip otiwimiz kerek. Sonlıqtan da tog`aylardı ta`biyiy baylıq retinde paydalanıwdın ilimiy tiykarlangan bag`darlamasın islep shıg`ıw aktual ma`sele bolıp tabıladı. O`z gezeginde bunday bag`darlama jobasına tog`aylardı qorg`aw, tog`aylardı qayta tiklew,basqarıw meseleleri eirgiziliwi kerek. 1970-80 jılları aralıg`ındas jan`a jerlerdin` tez pa`t penen o`zlestiriliwi a`melge asırılıp, bir qansha jan`a xojalıqlar sho`lkemlestirildi ha`m paxtashılıqqa qa`niygelestirildi. Netiyjede suwg`arılatug`ın maydanlardıq kolemi usı jılları 19,3 mın` gektardan 33,2 mın` gektarg`a ko`beydi. To`mendegi keste mag`lıwmatlarınan Respublikamızda suwg`arılatug`ın maydanlardın` o`simin ko`rip shıg`amız.

Son`g`ı jılları planlastırıwshı basqarıwshı sho`lkemler ha`m suw xojalıg`ı qurılısına ұlken qarjılarının` jumsalıwının, jumsalıwının, azayıwı en` baslısı A`miwda`r`yanıq to`mengi ayag`ında suw resursların`sh azayıwına baylanıslı jan`a jerlerdi o`zlestiriw tempi bir qansha to`menledi, netiyjede 1984-85 jıllarg`a kelip derlik toqtadı.

1987-jıllardan baslap rayonda suwgarmalı jerlerdin` ko`lemi 27 mın` gektar a`tirapında turaqlı tu`rde bolıp, usınnan 15-19 mın, gektarı paxta, 400-420 gektar salı egildi. 1990-99 jıllar aralıg`ında paxtashılıq egislik maydanı 14-15 mın` gektar a`tirapında turaqlastı. Bul ulıwma egislik maydannın` 50-55 % in iyeledi.

Shomanay rayonında suwg`armalı jerlerdin` maydanı 1985-86 jılları maksimal da`rejede bolıp, 33-34 mın` gektardı quradı. Son`g`ı jılları suw

resurslarının` jetispewshiliginen sonın` menen birge ekonomikalıq qıyınshılıqlar atap aytqanda texnikanın, jetispewshiliginde suwg`arılıtug`ın maydanlar qısqarıp ketgi.

Rayon awıl xojalıgı kompleksinde tiykarg`ı almaslap egiletug`ın egin paxta bolıi, ol 1999-jılı ulıwma egislik maydannın` 50%ine egilgen. Keyingi 2000-2001 jılları Respublikamızda jɏz bergen suw tam tarıslıg`ı aqıbetinde kopshilik egislik jerler egilmey qalıwı sebebinen paxta, salı ha`m basqa da awıl xojalıq eginlerinin` maydanları keskin kemeydi. Bul jag`daydı to`mendegi kesteden korip shıg`amız.

Kestede ko`rsetilgenindey rayonda ggaxtanın` egislik maydanı son`g`ı ush jıl ishinde 2 eseden aslam kemeyip ketti. Al salının` egislik maydanları derlik tolıq qısqardı. 2003-jılı 793 gektarga o`skenin ko`remiz.

İlimpazlarımızdın` pikirine qarag`anda gawasha kerekli suw mug`darının` 45-50% in grunt suwlarınan alıw mu`mkin. Sonlıqtan olardın` maydanları salıdan ku`shli jebir ko`rmedi.

Regionda jɏz berip atırg`an ekologiyalıq mashqalalar atap aytqanda qurg`ap qalg`an aral ten`izi ultanınan ko`terilip atırg`an duzlı shatslar sonın` menen birge suwg`arılıwg`a paydalanılıp atırg`an A`miwda`r`ya suwının, keyingi jılları minerilizatsiya da`rejesinin` artıp barıwı suwg`arılatug`ın maydanlardın` meleorativlik jag`dayının` to`menleniwine sebepshi bolmaqta. Bunnan basqa paxta jeke hekimliginin, orntılıwı netiyjesinde ko`p jıllar dawamında almaslap egiwdiq jolg`a qoyılmawı saldarınan topıraqtag`ı za`ru`r azıqlıq zatlardın` mug`darı kemeyip ketken.

Elbette rayondag`ı suwg`arılatug`ın jer maydanları ndag`ı bunday jag`day o`z gezeginde awıl xojalıgı eginlerinin` zu`ra`a`tligine o`zinin` keri ta`sirin tiygizbekte.

**2.2 Suw resursları ha`m irrigatsiya tarmaqları, oni rawajlandiriwdin` bag`darlari.**

Shomanay rayonı Respublikamızdın` basqada aymaqları sıyakdı tuyıq basseyinde jaylasqan ha`m onın` keskin kontinental klimat sharayatı, jer astı ha`m jer astı suularının` payda bolıwı ha`m territoriya boyınsha jaylasıwına kұshli ta`sir etedi. Bizin` regionımız gidrografiyalıq ko`z-qarastan A`miwda`r`yanıq del`tasındag`ı zonag`a tuwrı keledi. Bul jerde A`miwda`r`ya 50 km den aslam uzaqlıqtan onın` arqa-shıg`ısınan ag`ıp o`tedi. Rayon territoriyasın ha`mde Resprublikamızdın` birden-bir ag`ın suw deregi bolıp A`miwda`r`ya rayonındag`ı barlıq suw qorlarının` qeliplesiwine tikkley ta`sir jachsaydı ha`m jer astı suw rejimin sonday-aq rayon ekonomikasının` tiykarg`ı bolimin quraytug`ın awılxojalıg`ı kompleksinin` rawajlanıw da`rejesin belgileydi.

A`miwdar`ya Oraylıq Aziyadag`ı en, mol suwlı Dar`ya, onın` ag`ısı Gindekush tauının` arqa Janbawırında 4990 m belentlikte jaylasqan. Berevskiy muzlıg`ınan baslanadı. Onın` Pamirden Aralg`a shekemgi ulıwma uzınlıg`ı 2540 km ge sozılıp jatır.

A`miwdar`ya dұn`yadag`ı suwıq, ılaylı dar`yalar qatarına kiredi. J.Matmuratovtın` mag`lıwmatlarına qarag`anda onın` her bir kubometr suuının` quramında ortasha esap penen 2600 gr ılay bar, o`ytkeni A`miwdar`ya suwının` ag`ısı, a`sirese tawlı bo`liminde jұda` tsz ekenligi da`r`yanın` an`g`arının` juwılıwı ju`de kұshli boladı. Sonlıqtan da A`miwdar`yanın` tiykarg`ı salası bolıp esaplanatug`ın Vaxsh suwı menen her jılı 84 mln tonnadan zıyat maydalang`an ha`r tu`rli taw jınısları ag`adı. Ol ulıwma dar`ya suwın ılaytıp jiberedi. Al tegislikke shıqqannnan keyin A`miwdar`ya Qaraqum ha`m Qızılqumnın` bir-biri menen ushlasqan jibegi boyınsha ag`atug`ınlıg`ı sebepli dar`ya jag`alawındag`ı an`sat juwılatug`ın bos jınıslar suwdın, ılaylıg`ın ja`nede ko`beytip jiberedi. S.P.Polinov mag`lıwmatı boyınsha A`miwdar`ya basseyininin, taw oblasında ulıwma ag`ım mug`darı jılına 79,8 $km^3$ tı quraydı. Sonnan G`MDA territoriyasında suw resursları 64,8 $km^3$, al qalg`an 15 $km^3$ onnan tısqarıda payda boladı.

A`miwdar`ya basseyininin` jer u`sti suw resursları. (mlrd $m^3$) 6-keste

| № | Da`r`ya atları | |
|---|---|---|
| 1 | Pyanj | 35,0 |
| 2 | Vaxsh | 20,0 |
| 3 | Qundız | 3,65 |
| 4 | Kafirnigan | 5,50 |
| 5 | Surxandar`ya | 3,85 |
| 6 | A`miwdar`ya boyınsha | 68,0 |

*keste S.P.Polinov mag`lıwmatları tiykarında du`zildi

Ko`p jıllıq mag`lıwmatlar sonnı korsetedi. A`miwdar`yanın, suw rejimi tawlı zonada ko`p jıllıq normada boladı. A`miwdar`ya suw rejiminin` ozgeriwi tiykarınan tegislik zonalarında antrapogen faktorlar ta`sirinde ju`zege keledi.

Gidrologiyalıq materiyallardın, analizine qarag`anda 50 jıllardın` aqırına deyin A`miwdar`ya ag`ımının` ozgeriwi tek qana tebiy faktorlarg`a baylanıslı bolg`an. Usı da`wirde A`miwdar`yanın` tomengi ag`ımına 5500-5700 $m^3/s$ mug`darında suw jetip kelgen.1960 - jıllardan baslap A`miwdar`ya basseyinde jaylasqan respublikalarda jan`adan egislik maydanlardı o`zlestiriw netiyjesinde ko`plegen magistral kanallar qurıla basladı. Sonın` netiyjesinde A`miwdar`yadan egislik maydanlarg`a alınatug`ın suudın` mug`darı jıldan-jılg`a kebeydi.

A`miwdar`ya basseyininde kanallarga alınatug`ın suw mug`darı 35 $km^3$ tan (1965 j) 71 $km^3$ qa (1995j) deyin jetti. Bul da`wirlerde A`miwdar`yanın` ortangı ag`ımında alınatug`ın suw mug`darı 15,8 $km^3$ tan 35,8 $km^3$ qa deyin, temengi ag`ımında bolsa 11,9 $km^3$tan 20,3 $km^3$ qa deyin jetti.

A`miwdar`ya suwınan paydalanıudın` usınday da`rejede keskin ko`beyiwı suw resurslarının` azıyıwına alıp keldi. Kop jıllıq mag`lıwmatlar sonnı ko`rsetedi waqıt ha`m dar`yanın` uzınlıg`ı boyınsha to`menge qaray suwdıq kemeyiwi gu`zetilmekte. Dar`ya ag`ımının` bunday keskin da`reje jokarıda aytkanımızday A`miwdar`yanın, joqarg`ı ha`m ortang`ı bolimlerinde sonın` menen birge to`mengi bo`liminde egislik maydanlar koplep ozlestiriliwi na`tiyjesinde kanallarg`a suwldard`sh alınıwı ha`m olardı u`nemsiz paydalanıwı aqıbetinde ju`zege kelmekte.

Shomanay rayonı territoriyası jer astı ha`m jer u`sti suwlarının, payda bolıwı

suwlanıwı ha`mde suw qorlarının` qa`liplesiwinde A`miwdar`yanın` tikkeley qatnası bar.

Shomanay rayonının` suwg`arılatug`ın jer maydanların tiykarınan Su`wenli irrigatsiya sisteması suw menen ta`minleydi. Su`wenli Qaraqalpaqstandag`ı en` iri irrigatsiya sistemalardan esaplag`ıp ha`zir islep turg`an Taxiyatas gidrouzeline tutastırılg`an ha`m ol Su`wenli magistral kanaldan, og`an ja`rdemshi parallel` kanaldan, sonday-aq suw o`zliginen ag`atug`ın quwatlıg`ı jag`ınan kishilew eki kanaldan: Keneges ha`m Su`wenli kanallarınan turadı. Bul irrigatsiya sisteması Shomanay rayonınan basqa Xojeli, Qanlıko`l, Qoqırat rayonları jerlerinde suw menen ta`miynleydi. Su`wenli kanal Taxiyatastın` tusında A`miwdar`yanın` sol jag`asınan baslanıp Arqa-batıs ta`repinen qaray A`miwdar`ya menen birdey bag`ıtta ag`adı. Su`wenli magistral kanalı 1939 jılı qazılg`an bolıp, uzınlıg`ı 79 km, onnan uzınlıg`ı 252 km xojalıq aralıq ha`m uzınlıg`ı 330 km lik xojalıq ishindegi kanallar suw aladı. Su`wenli kanalı sag`ası sekundına 130 $m^3$ suw otkeriw qa`biletine iye. Kanal tarmaqları arasında jıl dawamında suwdı normal uslap turıw maqsetinde kanalga u`lken u`sh soorujenie qurılg`an. Rayondı suw menen ta`miynlewshi ja`ne bir iri suwg`arıw kanalı Shomanay kanalı esaplanıp uzınlıg`ı 16,2 km 1964 jılı qazılg`an, Suw o`tkeriw qa`bileti sekundına 50 $m^3$ esaplanadı. Bul kanal rayondag`ı 7 fermer xojalıg`ı birlespelerin suw menen ta`miynleydi. Shomanay rayonını irrigatsiya sistemalarının` baslı ko`rsetkishleri tomendegi keste mag`lıwmatlarınan koriwge boladı.

Bunnan basqa rayonda Aqjap, Ilaqalı jap, Shor jap uqsag`an xojalıklar aralıq ha`m xojalıq ishindegi kanallar bar. Solay etip joqarıdag`ı aytılg`an irrigatsiyalıq sistemalar Shomanay rayonının` barlıq suwg`arılatug`ın zonasın oz ishine alıp Dar`yada suw jetkilikli bog`an jag`dayda suwg`armalı diyxanshılıqtın, suwg`a bolg`an talabın tiykarınan qanaatlandıradı.

Kestede ko`rsetilegenindey rayondag`ı tiykarg`ı en` iri suwg`arıw kanallarınan Shomanay, Aq jap, Shor jap, Kindiko`zek, Tiko`zek ha`m Ilaqalı kanalları kiredi. Rayondag`ı xojalıqlar aralıq kanallardın` salıstırma uzınlıg`ı 0,6 m/ga g`a ten`. Bul respublika boyınsha 8 m/ga g`a ten`.

**Shomanay rayonı boyınsha suw resurslarının, xojalıq tarawlarına tarqalıw ko`rsetkishi**

7-keste

| Kanallardın` atı | Ekspluatatsiya jılı | Suw o`tkiziwshets | Kanal uzınlıg`ı | Bekitilgen maydan | Qaysı xojalıqlardı suw menen temiymleydi. | KPD |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Shomanay | 1947 | 50 | 16,2 | 12600 | 7 xojalıqtı suw menen ta`miynleydi | 0,84 |
| Jamal | 1972 | 5,0 | 4,0 | 500 | O.Kokko`zov xoj-g`ı | 0,84 |
| Mamıy | 1974 | 3,0 | 7,6 | 435 | O.Ko`kkozov xoj-g`ı | 0,84 |
| Birleshik | 1972 | 3,0 | 9,0 | 580 | O.Ko`kko`zov xoj-g`ı | 0,84 |
| Nuray | 1967 | 3,0 | 5,0 | 152 | O.Kokkozov xoj-g`ı | 0,84 |
| Shor jap | 1967 | 5,0 | 15,0 | 1249 | O.Kokko`zov xoj-g`ı, Shomanay xoj-g`ı | 0,84 |
| Alim jap | 1967 | 3,0 | 2,0 | 305 | Shomanay xoj-g`ı, M.Abdullaev xoj-g`ı | 0,84 |
| Aq jap | 1967 | 12,0 | 8,0 | 3909 | M.Abdullaev xoj-g`ı | 0,84 |
| Musaev | 1969 | 12,0 | 21,0 | 1138 | A.Musaev xoj-g`ı | 0,84 |
| Maylıo`zek | 1987 | 3,0 | 3,8 | 735 | Diyxanabad xoj-g`ı | 0,84 |
| Kindiko`zek | 1967 | 40,0 | 28,0 | 2531 | A.Musaev xoj-g`ı, M.Abdullaev xoj-g`ı | 0,84 |
| Tikozek | 1967 | 10,0 | 15,0 | 1290 | A.Musaev xoj-g`ı, Diyxanabad xoj-g`ı | 0,84 |
| Ilaqalı | 1975 | 8,0 | 8,0 | 3277 | Diyxanabad xoj-g`ı | 0,84 |
| Jemi | | | | | | 0,84 |

* Keste Tomengi A`miwdar`ya irrigatsiya tarmaqları basseyn basqarması mag`lıwmatları tiykarında dүzildi.

Joqarıda mag`lıwmatlarda korsetilgenindey A`miwdar`yanın` joqarg`ı ha`m ortang`ı ag`ısında 1965-95 jıllar aralıg`ında alıng`an suw mug`darının` 23 km$^3$ tan 50,7 km$^3$ qa o`siwi A`miwdar`yanın, tomiengi ag`sında suwdın, ukeskin azayıwına alıp keldi. Netiyjede shomanay rayonında suwg`arılatug`ın jer maydanları ushın alıng`an suw mug`darına azayıwına, ol oz na`wbetinde bir gektar suwg`arılatug`ın jer maydanı ushın salıstırma suw alıw ko`leminin` azayıwına alıp keldi. Suw resurslarının` kemeyiwi sebebinen 1986 jılldan suwg`arılatug`ın jerlerdin` o`siw peti keskin kemeyiwi gu`zetildi ha`m 1989 jılg`a kelip suwg`arılatug`ın maydan 6-

7 mın` gektarg`a qısqardı.

Suw jetkilikli bolg`an jılları egislik maydanlarg`a alınatug`ın suw mug`darı jılına 400-500 mln $m^3$ qa ten` bolg`an ha`mde salıstırma suw alıw mug`darı gektarına 17-20 mın` $m^3$ qa ten, bolg`an. Sonıda aytıp o`tiwimiz kerek. Respublika boyınsha 1975-80 jılları aralıg`ında suwg`arıwg`a alıng`an suwlardın salıstırma mug`darı gektarına 30-32 mın` $m^3$ qa shekem jetken. Keste mag`lıwmatları sonnı ko`rsetedi rayonda suwg`arılatug`ın jer maydanlar ushın alıng`an suw mug`darı 1990 jıllardan baslap este aqırın kemeye basladı, sebebi A`miwdar`yan`sh joqarg`ı ha`m ortan`g`ı ag`ısında alıng`an suw mug`darının` 46,3 mlrd $m^3$ tan 50 mlrd $m^3$ qa ko`beygen. Son`g`ı jılları bolsa ulıwma alıng`an suw ko`leminin` jıllıq mug`darı 250-300 mln $m^3$ qa deyin qısqardı. Yag`nıy derlik eki esege. Al salıstırmalı mug`darı bolsa gektarına 21 mın, $m^3$ tan 10-14 mın, $m^3$ qa deyin qısqardı.

Suwdıq kemeyiwi na`tiyjssinde suwg`arıw normaları da kemeydi. Paxta maydanlarına alınatug`ın suw mug`dar usınıslarda ko`rsetilgen mug`darg`a qarag`anda bir qansha az.

**Shomanay rayonında 1990-2006 jıllar arasındag`ı suwg'arılatug`ın maydan ha`m alıng`an suw mug`darının` ko`rsetkishleri**.

8-keste

| № | Jıllar | Suwg`arılatug` | Sonnan | | Suwg`arılıwg`a | Salıstırma |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Paxta mın, ga | Salı mın` ga | | |
| 1 | 1990 | 24470 | 16373 | 428 | 520,28 | 21261 |
| 2 | 1995 | 28800 | 15149 | 597 | 393,67 | 13669 |
| 3 | 2000 | 28500 | 14224 | 579 | 294,67 | 10339 |
| 4 | 2001 | 28500 | 15268 | - | 500,5 | 17561 |
| 5 | 2002 | 28500 | 14083 | 1064 | 389,1 | 13652 |
| 6 | 2003 | 28700 | 8190 | - | 180,88 | 6302 |
| 7 | 2004 | 28700 | 1741 | - | 69,5 | 2421 |
| 8 | 2005 | 28700 | 2520 | - | 250,63 | 8732 |
| 9 | 2006 | 28700 | 7204 | 793 | 407,420 | 14195 |

*keste Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması mag`lıwmatları tiykarında du`zildi.

Song`ı jıllar suwdan paydalanıw plan sistemasın dүziude, limit ajıratıwda tiykarsız katan, talaplar qoyılıp, gektarına 10-15- $m^3$ suw alıw belgilenbekte. İrrigatsiya-meliorativlik sistemalarının, ha`zirgi texnikalıq da`rejesi jag`dayında bunda qatan` talaplar qoyıw jetkiliksiz. Suw tam tarıs bolkan 2000 jılı salını suwg`arıwg`a ulıwma limit ajıratılmag`an.

Sonı da aytıp otiwimiz kerek, ayrım suw tamtarıs bolg`an jıllarda ajıratılg`an dimtitin` respublikamız rayonları arasında paydalanılıwıda bir qıylı da`rejede emes.

Belgilengen suw mugdarının` bir tegis bo`listiriliuinin` bir kansha sebepleri bolıp, olardın biri suwg`arıw sistemaların paydalı islew koeffitsentinin` to`menlshi 1976 jıllardan baslap suwg`arıw sistemalarının` paydalı islew koeffitsenti pes da`rejede bolg`an ha`m bu`gingi kүnde iri rekonstruktsiya jumısların talap etedi.

Tomengi A`miwdar`ya irrigatsiya sistemalar basseyin basqarması mag`lıwmatlarına qarag`anda magistral kanallardın` paydalı islew koeffitsenti 0,96, xojalın`lar aralıq kanallarda 0,84 ge ten`. Son`ı jıllar A`miwdar`ya suwının, duzlılıgının` artıwı oz netijesinde egislik jerlerge kelip tu`setug`ın duzdın` mug`darının` ko`beyiwine alıp kelmekte. Eger A`miwdar`ya suuının` duzlılıgı 1970 jılı 0,7 % ke ten, bolgan bolsa, 1997-jılı 1,22% ke jetti. Ayırım jılları bunnanda joqarı SANİİRİ mag`lıwmat boyınsha A`mudar`yanın` orat ag`ısında her jılı dar`yag`a 8,5-9,0 $km^3$ izeykesh, kollektorlardın` suwları quyadı. Ol dar`yanın` usı bolimindegi bir jılda ag`atug`ın suuının` 15% in quraydı. Na`tiyjede A`miwdar`yanın` to`mengi ag`ısınan keletug`ın suudın` en` kop mineralizatsiyalanıw da`rejesi suudın` az bolatug`ın aylarında (Mart, aprel`, sentyabr`, oktyabr`) 2,5 -2,8% ke shekem ko`beyedi. Suwdın, duzlılıg`ının` artıwı ha`m sheyip suwg`arıw rejiminin` kemeyiwi shorlanbag`an ha`m ku`shsiz shorlang`an jerlerdin` ulıwma paydalanatug`ın jerlerge qarag`anda u`lesi kemeygen. Mısalı: 1983-jılı Respublika boyınsha shorlanbag`ai jerlerdin` ulıwma maydanının` 10% in quragan bolsa, 1992-jılı ol 5,2% ke shekem temenlegen. Bul korsetkish Shomanay rayonında suwg`arılatug`ın maydanlarg`a salıstırg`anda 25% ti quraydı. Keyigi jılları shorlanbag`an jerlerdin` maydanı azayıp, ku`shsiz

shorlang`an ha`m ku`shli shorlang`an jerlerdin, maydanı ko`beymekte.

Bunday ko`rsetkishler oz gezeginde awıl xojalıq eginlerinin, zɣra`tliginin` kemeyiwine alıp keldi. Eger 1980 jılı rayon boyınsha paxtadan alıng`an zu`rretlik gektarına 0,6 tsentnerdi qurag`an bolsa, 1996-97-jılları` gektarına 10,2 ha`m 17 tsentnerge qısqardı. Awıl ha`m suw xojalıg`ı ministrliginin, mag`lıwmatlarına qarag`anda usı jıllar aralıg`ında awıl xojalıg`ı eginleri ushın vigitatsiyalıq da`wirde 350-400 mln $m^3$ suw alıng`an bolıp, tiykarınan paxtanın` egislik maydanları ushın sarıplang`an. Egerde ha`zirgi boljawlarg`a qarag`anda keleshekte alınatug`ın suw mug`darı Respublikamız boyınsha bir qansha to`menleytug`ın bolsa, bul ɣlken qıyınshılıqlardı keltirip shıg`aradı.

**Shomanay rayonının` suwg`arılatug`ın maydanının` melioratiplik jag`dayı ha`m shorlanıw da`rejesi. 9-keste**

| | gektar | % |
|---|---|---|
| Suwg`arılatug`ın | 28701 | |
| Usınnan | - | |
| Jaqsı | 6153 | 21,44 |
| Qanaatlandırarlı | 15515 | 54,06 |
| Qanaatlandırarsız | 7033 | 24,5 |
| Shorlanbag`an | 6280 | 21,88 |
| Ku`shsiz shorlang`an | 10950 | 38,15 |
| Ortasha shorlang`an | 8360 | 29,13 |
| Ku`shli shorlang`an | 3110 | 10,83 |

*To`mengi A`miwdar`ya irrigatsiya sistemaları basseyn basqarması qasındagı QQGME mag`lıwmatları tiykarında du`zildi

Joqarıda aytılg`an pikirler sonı ko`rsetedi, eger suwg`arılatug`ın maydanlardı rekonstruktsiya qılmay turıp, ja`nede suw resurslarınan durıs paydalanıw jolg`a qoyılmasa, keleshekte jerlerdin` meliorativlik jag`dayının` to`menlewine ha`m egislik maydanlarınan alınatug`ın zu`rra`tliktin` kemeyiwie alıp keledi. Sonlıqtan da suwdan paydalanıwdı jobalastırıwdı ha`mde rayon boyınsha suwdan paydalanıw limitin du`ziwde jerlerdin` ha`zirgi meleorotivlik jag`dayın ha`m olarg`a ta`sir etiwshi faktorlardı esapqa alıw kerek boladı.

## Juwmaqlaw

O`zbekistan aymaqları sonın` ishinde Qaraqalpaqstan ekonomikası bazar qatnasıqlarının` talabına sa`ykes rawajlapnıp atırg`an ha`zirgi sharayatta xalıq xojalıg`ı tarawlarında paydalanılmay atırg`an barlıq rezervlerdi iske qosıw ku`n ta`rtibindegi aktual ma`seleler qatarına kiredi.

Mine usınday mol rezervler Qaraqalpaqstan Respublikasının` oraylıq batısında jaylasqan Shomanay rayonında da az emes. Shomanay elatının` xalıq xojalıg`ı paxtashılıqqa esaplanadı. Rayon jıl dawamında o`ndiriletug`ın paxtanın` 23-25 % in g`a`llenin` 11-13% iri qara mallardın` bas sanının` 9-12% ti iyeleydi.

Shomanay rayonı Qaraqalpaqstan aymag`ındag`ı en` iri ekonomikalıq potentsialg`a iye rayon bolıp qalmastan ko`rnekli ilimiy ta`jriybelik a`hmiyetine iye geografiyalıq aymaq bolıpta esaplanadı.

Sonlıqtan men Shomanay rayonın ilimiy-a`meliy ko`z qarastan ta`biyiy ortalıqtın` konkret xodalıq penen o`z-ara baylanısın sheshiw ushın izertlew mag`lıwmatlarımızdı u`lketanıw printsipinde mekteptin` geografiya sabag`ında paydalanıwdı ko`zge tuttım ha`m toplag`an materiallarım bazasında Shomanay rayonının` ta`jriybelerin qon`sılarg`a, sonday aq respublika diyxanshılıq xojalıqlarına taratıw maxsetinde jumıs alıp bardım.

Durısında da Shomanay qa`nigeler ta`biyat injıqlıqların aqılana o`zlestire otırıp awıl xojalıq o`ndirisinde u`lken tabıslardı qolg`a kirgizip atır. Shomanay rayonı 1967 jılı qayta du`zilip az waqıt ishinde respublika aymag`ındag`ı en` iri xojalıqlardın` birine aynaldı ha`m aq paxtasın beretug`ın boldı.

Rayon aymag`ında vegetatsiyalıq da`wirlegi quyashlı ku`nler sanı 197-198 ku`ndi qurap, $+10^0$ tan joqarı temperaturalardın` jıyındısı paxtadan, g`a`leden, pilleden, ovosh` ha`m basqa eginlerinen mol zu`ra`a`t toplawg`a mu`mkinshilik beredi. Rayon ko`lemli jer resurslarına iye ha`m olar diyxanshılıq tarawları boyınsha ratsionallı bo`lingen.

Rayon awıl xojalıg`ı tarawları ishinde egislik jerlerdin` ko`birek bo`limi paxtashılıq, g`a`lleshilik, ovosh` ha`m basqa, sonday aq mal sharwashılıg`ı ushın ot-sho`plik egislerine bo`lingen. Bunnan basqa egislik ushın ajıratılqan. Solay etip

diyxanshılıqta egislik jerlerdin` optimal qatnasın du`ziw egislik jerlerdin` otlaqlardın` zu`ra`tliligin arttırıwg`a, sonday aq rayoln aymag`ında xojalıqlar aralıq o`ndirislik baylanıslardı ku`sheytiwge mu`mkinshilik bermekte.

Shomanay rayonı du`zilgen jıllarda aq Qaraqalpaqstandag`ı qa`nigelesken iri paxtashılıq aymaqlarının` birine aynaldı. Tek 1970 jıllardın` o`zinde rayon 12700 gektar jerge paxta egis jılına 33,7 mın` tonnaday paxta jıynap aldı. Ha`r bir gektar paxta maydanınan 27,4 tsentner paxta o`nimin jetistirdi.

Shomanay rayonnın` quramında Abdullaev atındag`ı, Janabay Reymov atındag`ı sonday aq orınbasar Kokkozov atandag`ı ha`m t.b. taza paxtashılıq kolxozları du`zildi. Solay etip Shomanay iri awıl xojalıq jumısların sho`lkemlestiriwshi orayg`a aynaldı. Bul ha`m tag`ı basqada qolg`a kirgizilgen tabıslar menin` pu`tkeriw jumısımnın` ekinshi babı Shomanay rayonı xojalıqlarının` sotsiallıq rawajlanıwı degen bo`limde o`z sheshimin taptı. Sonday aq pitkeriw jumısının` u`shinshi bo`liminde Shomanay rayonı awıl xojalıg`ı tarawlarına analiz berildi, awıl xojdalıg`ının` baslı taraw paxtashılıqtın` rayon ekonomikasında tutqan roli anıqlandı.

Ayrım jıllar ishinde paxtashılıqta qolg`a kirgizilgen tabıslardı analizley otırıp paxtashılıq tarawlarının` miynet resursları menen ta`miynleniw da`rejesin qarap shıqtım. ha`tten Shomanay rayonı quramınan Abdullaev, Reymov atındag`ı jan`a xojalıqlardın` du`ziliwi ha`m Alg`abas, sonday aq Ko`kkozov atındag`ı kolxozlarg`a rayon xalıqının` qayta qonıslanıwına qaramastan Shomanay rayonında 55600 dey (01.01.2019 ) xalıq jasaydı, bul respublika xalıqının` 0,3 % ti degen so`z. Rayon xalıqının` 20445 adamı awıl xojalıg`ında 1559 adamı sanaata, 928 adamı transport tarawları menen ba`nt.

Biraq degen menen shomanay rayonı ekonomikasın jaqınan u`yreniw bul aymaqta ayrım kemshiliklerdin` orın alg`anlıg`ının` guwasında boldıq, olar to`mendegishe:

Shomanay rayonı ku`p tarmaqları xojalıqlar qatarına kiredi, biraq rayon ekonomikasının` tiykarın paxtashılıq g`a`lleshilik, mal sharwashılıg`ı tarawlarınan jetistirilgen o`nimler quraydı. Sonlıqtan menin` qa`nigelik boyınsha pitkeriw

jumısının` 3-bobı rayon ekonomikasına ulıwma analiz jasawg`a bag`ıshlang`an.

Solay etip shomanay rayonında xalıq xojalıg`ındag`ı tarawlarının` rawajlanıwı awıl xojalıg`ındag`ı unamlı o`zgerisler bazar qatnasıqlarının` da`slepki tabısları esaplanadı. Rayon xojalıqlarında o`ndiristi basqarıw kollektivlik formada, diyxan-ferma birlespesi, sonday aq jumıstı kesip alıp islew formasında iske asırılmaqta. Bul awıl xalqının` jumıs pa`tin qızdırmaqta ha`m mu`likti basqarıw boyınsha qızıg`ıwshılıq tuwdırmaqta. Bul ha`m basqada Shomanay rayonı xojalıqlarındag`ı awıl xodalıg`ın alıp barıw boyınsha basqarıwdın` jan`a formaları o`ndiristin` na`tiyjeligin arttıratug`ını so`zsiz.

1) Diyxanshılıqta egislik jerlerdin` sturukturası elede talapqa tolıq juwap bermeydi, a`sirese almaslap egiw sxeması talapqa ılayıq jolg`a qoyılmag`an.

2) Egislik jerlerdin` meliorativlik sharayatın jaqsılawg`a bag`darlang`an ilajlar tiykarlanbag`an, olardı invistitsiyalar menen ta`miynlew jetkiliksiz.

3) Xojalıqlar ara du`ilgen sharatnamalarda Ha`lsiz buwınlar ko`p, usıg`an sa`ykes texnika bo`lekleri, janar may ha`m finans qarjıları menen ta`miyinlewde u`zilis sharayatlar ushıraydı.

4) 2001-2002 jıllardag`ı suw tanqıslıg`ına sa`ykes awıl xojalıq wnimlerin o`ndiriw ha`m tayarlaw grafikleri u`ziliske tu`sken ha`m rayon xojalıqlarında diyxanlardı xoshametlew mexanizmi elede iske aspay atır.

5) Awıl xojalıg`ı o`nimlerin tayarlaw ha`m satıw bahaların jetilistiriwge ayrıqsha dıqqat awdarıw za`ru`r ha`m shartnamalardı orınlawda o`zi boladı, tendentsiyaların biykarlaw qa`jet.

Usı joqarında ko`rsetilgen vaziyatlardan shıg`a otırıp, pitkeriw jumısının` juwmaqlawshı babında Shomanay rayonının` keleshekte rawajlanıw bag`darlarına boljaw jasadım ha`m rayonnın` tiykarg`ı tarawların rawajlandırıwdın` krnturın du`zdim. Bul keleshekte Shomanay rayonı aymag`ında o`ndiristi jan`a diyxan fermer xojalıg`ı printsipinde du`ziw arqalı awıl xojalıg`ın intentsifikatsiyalaw jolı menen paydalanılmay atırg`an rezervlerdi iske qosıwg`a mu`mkinshilik beredi ha`m mexanizmleri kiredi. Na`tiyjede 2010 jıllarg`a kelip paxta tayarlawdın` ko`lemi 23182 tonnag`a, triley salmaqta go`sh jetistiriw 1134 tonnag`a, su`t sawıp

alıw 3650 tonnag`a ko`beyedi.

Keleshekte sotsiallıq infrastrukturalrdı awajlandırıwg`a ayrıqsha itibar beriledi. Usıg`an sa`ykes ha`zirgi zaman talaplarına juwap beretug`ın 34 orında orta mektepler 23 orında xojalıq aralıq bibliotekalar, 15 orında sprot zalları, 12 orında klub tarmaqların du`ziw na`zerde tutıladı. Bul ma`selelerdin` inabatlı sheshiliwi menin` qa`nigelik jumısımda alg`a qoyg`an wazıypalardın` orınlanıwına ha`m awıl xalıqının` jasaw sharayatların abadanlastırıw jolı menen awıl ekonomikasın ku`sheytiwge jol ashadı. Bul ha`m tag`ı basqa da ilajlardın` iske asıwı o`z gezeginde men jasaytug`ın elattın` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwın ta`miyinleydi degen u`mittemiz.

## O`MIR QA`WIPSIZLIGI

O`zbekistan Respublikası Ministrler Ken`esinin` 19.07.2011 j. №208 sanlı «Xalıqtı jer silkiniwler aqıbetinde payda bolatug`ın ayrıqsha jag`daylarda (ta`biy ha`m texnogen tu`rdegi) ha`reket etiwge tayarlaw kompleks da`stu`rin tastıyıqlaw haqqında»g`ı qararı, Joqarı ha`m orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginin` 22.07.2011 j. №310 sanlı buyrıg`ın basshılıqqa alıp ha`m onı worınlaw maqsteinde A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogika institutı rektoratı buyrıg`ı (25.12.2012 j. №601 D/1) tiykarında «O’mir qa`wipsizligi» pa`ni barlıq ta`lim bag`darları boyınsha talabalarg`a oqıw protsessinde u`yretiw ushın, magistrlik dissertatsiya jumısı ha`m bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumısların orınlawda pa`nnin` huqıyqıy tiykarları kirgizildi.

«Ja`miyette puxaralardın` huqıqları ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqıyqıy, huqıyqıy puxaralıq ja`miyet baladı. Ha`r bir adam o`z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o`z huqıqı ha`m erkinliklerin qorg`ay alıwı lazım. Bunın` ushın da`slep ma`mleketimiz xalqının` huqıyqıy ma`deniyatın asırıw za`ru`r» (I. Karimov. O`zbekstan XXI a`sirge umtılmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jıllarınan baslap is ju`rgizip kelgen puxaralıq qorg`anıw sistemasının` tiykarg`ı wazıypası tınıshlıq da`wirinde ha`m urıs jag`dayında ma`mleket xalqın jalpı qırg`ın quralları ha`m basqa hu`jim qurallarınan qorg`aw, urıs jag`dayında xalıq xojalıg`ı obektlerinin` turaqlı islewin ta`miyinlew ha`mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha`m tiklew jumısların o`z waqtında na`tiyjeli a`melge asırıwdan ibarat edi.

1990–jıllarg`a kelip yadro urısı qa`wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa`wipli bolmay, ba`lkim ekonomikalıq obektlerdi isten shıg`arıwg`a qaratılg`an edi. Bulardın` barlıg`ı puqaralıq qorg`anıw sisteması ornında jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaralıq qorg`anıw ornın iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayrıqsha jag`daylarg`a a`welden tayarlıqtı ta`miyinlewshi jan`a arnawlı ma`mleket sisteması

iyelewi, ol tınıshlıq ha`mde urıs da`wirinde xalıqtı ha`m aymaqlardı ayrıqsha jag`daylardan qorg`awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqarıw jumısların o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardı: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartaların du`ziw, seysmikalıq bekkem bina ha`m imaratlardı qurıw, qısqa, orta  ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumısların sho`lkemlestiriwi ha`m xalıq tayarlıg`ın a`melge asırıwı lazım edi.

Usı worında ja`ne bir ma`seleni aydınlastırıp alıwg`a tuwra keledi. Ayrıqsha jag`day degen ne, onnan xalıqtı ha`m aymaqlardı qorg`aw degende neni na`zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag`day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg`ı yaki qorshag`an ortalıq qa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg`ınlar keltirip shıg`ılıwı ha`m de adamlardın` turmis sharayatının` izden shıg`ıwına alıp keliwi mu`mkin bolg`an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa`wipli ta`biyg`ıy ha`diyse yaki basqa ta`biyiy apatshılıq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

Xalıqtı ha`m aymaqlardı ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw – ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw ha`m olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha`reketler birlesigi.

Ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw – aldın ala o`tkerilip, ayrıqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa, adamlar den sawlıg`ın saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortalıqqa tiyetug`ın zıyan ha`m materiallıq shıg`ınlar mug`darın kemeytiwge qaratılg`an ilajlar kompleksi.

Ayrıqsha jag`daylardı saplastırıw – ayrıqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlıg`ın saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortalıqqa tiyetug`ın zıyan ha`m materiallıq shıg`ınlar mug`darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardı shen`berge alıp, qa`wipli faktorlar ta`sirin toqtatıwg`a qaratılg`an avariya – qutqarıw jumısları ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha`m aymaqlardı ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw tarawında qoyılg`an en` tiykarg`ı jumıslardın` biri–da`slep Qorg`anıw ministrligi qasında

puqaralıq qorg`anıw ha`m ayrıqsha jag`daylar basqarmasının`, son` usı basqarma tiykarında O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` 1996 jıl 4 marttag`ı PF–1378 Buyrıg`ı menen Ayrıqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldı.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xalıqtı ha`m aymaqlardı ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw tarawının` huqıqıy tiykarın du`ziwshi bir qatar nızam ha`m qararlar qabıl etildi.

*O`zbekistan Respublikası nızamları:*

Xalıqtı ha`m aymaqlardı ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw haqqında (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 statiyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha`m aymaqlardı ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw tarawındag`ı sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladı ha`m ayrıqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlanıwının` aldın alıw, ayrıqsha jag`daylar keltiretug`ın shıg`ınlardı azaytıw ha`m ayrıqsha jag`daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

Puxaralıq qorg`anıw haqqında (2000 jıl 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg`anıw tarawındag`ı tiykarg`ı wazıypalardı, olardı a`melge asırıwdın` huqıqıy tiykarların, ma`mleket organlarının`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikası puxaralarının` huqıqları ha`m ma`jbu`riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg`anıw ku`shleri ha`m quralların belgileydi.

Adamnın` immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin` aldın alıw haqqında (1999 jıl 19 avgust) – 13 stat`ya. Nızamda AIJS kesellіginin` aldın alıw tarawındag`ı ma`mleketlik ta`miyinlew, kesellіktin` aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta`miyinlew, puxaralardın` ha`m ma`jbu`riyatlarına tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarının` qa`wipsizligi haqqında (1999 jıl 20 avgust) – 15 stat`ya. Usı nızamnın` maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg`a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyınsha iskerligin a`melge asırıwda ju`zege keletug`ın mina`sibetlerdi ta`rtipke salıw bolıp tabıladı.

Awıl xojalıq o`simliklerin zıyankesler, kesellikler ha`m jabayı ot - sho`plerden qorg`aw haqqında (2000 jıl 31 avgust) – 28 stat`ya. Usı nızamnın` maqseti awıl xojalıq o`simliklerin zıyankesler, kesellikler ha`m jabayı ot - sho`plerden qorg`awdı ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarının` adam den sawlıg`ına, qorshag`an ta`biyiy ortalıq qa zıyanlı ta`sirinin` aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta`rtipke salıwdan ibarat.

Radiatsiyalıq qa`wipsizlik haqqında (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nızamnın` maqseti radiatsiyalıq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlıg`ı ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortalıq tı ionlastırıwshı nurlanıwdın` zıyanlı ta`sirinen qorg`awdı ta`miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta`rtipke salıwdan ibarat.

Terrorizmge qarsı gu`res haqqında (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo`lim ha`m 31 stat`yadan ibarat. Usı nızamnın` maqseti terrorizmge qarsı gu`res tarawındag`ı qatnaslardı ta`rtipke salıwdan ibarat.

Qa`wipli islep shıg`arıw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqında (2006 jıl 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nızamnın` maqseti qa`wipli islep shıg`arıw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi tarawındag`ı qa`tnaslardı ta`rtipke salıwdan ibarat.

O`zbeikstan Respublikası MK (1997 jıl 27 dekabr`) №558-sanlı qararı «O`zbekistan Respublikasında ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw ha`m olarda ha`reket etiwde ma`mleketlik dizimi haqqında»g`ı qararı menen biykar etilip bul qarar qaytadan 2011 jıl 24 avgustta O`zbekistan Respublikası MK №242-sanlı «O`zbekstan Respublikasında ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw ha`m olarda ha`reket etiwdin` ma`mleketlik dizimi jumısların bunnan bilay jetilistiriw» haqqında qararı menen tolıqtırılıp qayta shıqtı.

O`zbekstan Respublikası (2011 jıl 19 iyul`) №208-sanlı qararı «Xalıqtı jer silkiniwler na`tiyjesinde payda bolıw mu`mkin bolg`an ayrıqsha jag`daylarda (ta`biyiy ha`m texnogen) ha`reket etiwge u`yretiwdin` kompleks da`stu`rin tastıyıqlaw» haqqında qararı tiykarında barlıq orınlarda ayrıqsha jag`daylarda ha`reket etiwdin` kompleks da`sturleri islenip shıg`ılıp, o`qıw mashqulatları alıp

barılmaqta.

*O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` qararı:*

Tasqınlar, sel ag`ımları, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw ha`m olardın' aqibetlerin toqtatıw barısındag`ı – ilajlar haqqında (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag`ımları, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o`z waqtında ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardın' aqibetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

*O`zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qararları:*

O`zbekistan Respublikası Ayrıqsha jag`daylar ministrliginin` jumısın sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqında (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg`a «O`zbekistan Respublikası Ayrıqsha jag`daylar haqqında»g`ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

O`zbekistan Respublikası Ayrıqsha jag`daylarda olardın' aldın alıw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik siteması haqqında (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O`zbekistan Respublikası Ayrıqsha jag`daylarda olardın' aldın alıw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik siteması (AJMS) haqqındag`ı Nızam ha`m onın` du`zilisi tastıyıqlang`an, ministrlik ha`m idaralardın` xalıq ha`m aymaqlardı ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

O`zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqında (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma`mleket xalqın ha`m aymaqların ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg`a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw tarawında tayarlaw ta`rtibi haqqında»g`ı Nızam O`zbekistan Respublikası xalqın ayrıqsha jag`daylardan qorg`aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarlıqtan o`tip atırg`an xalıq toparların tayarlawdın` tiykarg`ı wazıypaların, tu`rleri ha`m usılların belgileydi.

Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyalıq qa`siyetli ayrıqsha jag`daylardın` sıpatlaması haqqında (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen

tastıyıqlang`an sıpatlamag`a muwapıq ayrıqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyalıq qa`siyetli, usı jag`daylarda zıyan ko'rgen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug`darına ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegaralı tu`rlerge bo`linedi.

O`zbekistan Respublikasında adamlar ha`m haywanlardın` qutırıw keselligine qarsı gu`resti ku`sheytiw ilajları haqqında (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha`m haywanlardın` qutırıw keselligine qarsı gu`res ilajlarının` na`tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha`m basqa u`y haywanların ta`rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

G`alaba xalıqlıq ilajlardı o`tkeriw qag`ıydaların tastıyıqlaw haqqında (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O`zbekistan Respublikası aymag`ında g`alaba xalıqlıq ilajlar o`tkeriliwi waqtında ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabıl etilgen.

Ayrıqsha jag`daylardı boljaw ha`m aldın alıw Ma`mleket da`stu`rin tastıyıqlaw haqqında (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw ha`m aqibetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg`an jumıslar o`nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko`rsetilgen huqıqıy hu`jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg`a «O'mir qa`wipsizligi» pa`ninin` barlıq bag`darları boyınsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

Paydalang`an a`debiyatlar.

1. Karimov İ.A. O`zbekstan XXI a`sir bosag`asında qa`wipsizlikke qa`wip, turaqlılıq sha`rtleri ha`m rawajlanıw kepillikleri. T. 1997 j

2. Karimov İ.A. O`z keleshegimizdi qolımız benen qurıp atırmız. «Qaraqalpaqstan» 1999 j

3. Matmuratov J Qaraqalpaqstan klimatının` awıl xojalıg`ına baylanıslı xarakteristikası. Nokis. «Qaraqalpaqstan» 1964 j

4. Matmuratov J., Jabbarbergenov Q., Payzullaev O`. Qaraqalpaqstan Respublikası geografiyası Nokis Bilim 1993 j

5. Matmuratov J. Qaraqalpaqstannın` ta`biyiy sharayatı ha`m ta`biyiy resursları No`kis. 1987 j

6. Matmuratov J. Agroklimaticheskiy usloviya severo-zapadnogo Uzbekistana Nukus «Qaraqalpaqstan» 1989 j

7. Qaraqalpaqstan awıl ha`m suw xojalıg`ı Ministirligi mag`lıwmatları.

8. Qaraqalpaqstan Respublikası statistika bas basqarması mag`lıwmatları.

9. To`menti A`miwda`r`ya irrigatsiya sitemaları basseyn basqarması mag`lıwmatları.

10. Shomanay rayonlıq awıl ha`m suw xojalıg`ı basqarmasının` jıllıq esabı.

11. Shomanay rayonlıq statistika bo`limi mag`lıwmatları.

12. Rafikov A.A. Geoekologik muammolar. T. 1997

13. Baratov P. Ozbekistan tabiyiy geografiyası. T. 1996

14. Ballieva R. Traditsionnoe prirodopol`zovanie v Qaraqalpaqstan. KK. 1996.

15. Bekpolatov A. İz istorii geograficheskoy izuchennosti territoriy Qaraqalpaqii. No`kis. 1977

16. WWW.Ziyonet.uz

17. WWW.nature.uz